ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№194 (23.602) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Сымаджэщхэмрэ гъуэгухэмрэ

Налшык къалэ мыгувэу къыщызэІуахынущ гемодиализымкІэ центрыщІэ. Іуэхущ1ап1эм щекІуэкІ лэжьыгъэхэр здынэсам, къызэІуахыным зэрыхуэхьэзырым ельпыну щэбэт кІуам абы щыІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

КЪАТИТІУ зэтет унэм метр зэбгъуэнатІэ 1568-рэ къызэщІеубыдэ, ар хуоз Къалмыкъым и цІэр зезыхьэ зыгъэпсэхупІэм. Мы зэманым ирихьэлІэу яхуэзэфІэкІаращи, цІыхухэм щыкІэлъыпІьыну пэшхэр зэгъэхьэзыраш, Іуэхущ1апІэм къедзыІа щІыпІэр ягъэдэхэным иужь ихьынущ.

ГемодиализымкІэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Занкишиевэ Сакинат къызэрыджИамкІэ, Іуэхущ1апІэр зэрылажьэну медицинэ Іэмэпсымэхэр Японием къащагъэсэбэпхэращ икІи апхуэдэхэмкІэ зэщІэуэзда центр Кавказ Ищхъэрэм зэкІэ щыІэкъым. Іэмэпсымэщ1эу мы зэманым Іуэхущ1апІэм 15 иІэщ, бжыгъэр 35-м нагъэсыну я мурадщ. Абы щыгъуэм Іуэхущ1апІэм зы махуэм медицинэ Іуэхутхьэбзэ яхуищ1эфынущ цІыху 300-м.

Центрыр яухуэным гом мелуан 91-рэ текІуэдащ. Іэмэпсымэхэм ирилэжьэну Іэщ1агъэлІэхэмрэ дохутырхэмрэ а Іуэхум иджыпсту хуагъэхьэзыр.

- ГемодиализымкІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ цІыху 350-рэ зэныкъуэущ. Абыхэм я процент 40-р Налшык къалэм щопсэу. Ахэр псори Нарткъалэ нэс мыкІуэу, дяпэкІэ Іэмал яІэнущ гъунэгъуу я Іуэхур щыізэфІагъэкІыну. Лэжьэн щІэддзэмэ, илъ зэманхэм зэуэ цІыху 90-м Іуэхутхьэбзэ яхуэтщІэфыну къару диІэщ, Іэмэпсымэхэм къахэтщахуэмэ, нэхъыбэми сэбэп дахуэхъуфынущ. Зэкіэ сменищу центрыр лэжьэну къащІэкІынщ, - жиІащ Занкишиевэ Сакинат.

- ДиализымкІэ центрхэр нэхъыбэу димыІэу хъунукъым. Мы гъэм къриубыдэу яухын хуейщ Бахъсэн къалэм щаухуэ Іуэхущ1апІэри. Апхуэдэуэ зедгъэубгъуэмэ, щІыналъэхэм щыпсэухэм гугъу емыхьу дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ. Дэ дызэгупсысын хуейр цІыхухэм я узынщагъэращ, чэзум хэмыту абыхэм медицинэ хуэІухуэщІэ ягъуэтынырщ. Дыщогугъ 2018 гъэм кІриубыдэу диализымкІэ стационархэр ирикъуу диІэ хъуну, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Ар щІэупщІащ центрым щылэжьэну дохутырхэм я зэфІэкІыр зыхуэдэм, Іуэхущ1апІэм и коммуникацэхэр зэрыхьэзырым, медицинэ Іэмэпсымэхэм ирилэжьэнухэр а Іуэхум зэрыхуагъасэм, нэгъуэщІхэми. Занкишиевэ Сакинат къыхигъэщащ центрым и лицензэр зэрагъэпэщыным фІэкІа къэмынэу, сыт и лъэныкъуэкІи зэрыхьэзырыр. Абы лэжьыгъэ Іэнатіэ щагъэутынущ цІыху 70-80-м.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ Іуэхущ1апІэр ухуэным мылъку къыхэзыльхьаХэм зэрызэгурыІуам тету и зэманым лэжьыгъэхэр зэрызэфІагъэхьар, центрыр Іэмэпсымэфіхэмкіэ зэрызэщІауэздар зэригуапэр.

КъыкІэтьыкІуэу КъБР-м и Іэтащхьэр Налшык къалэм и щІыпІэ административцэм и унафэщІ Алэкъей Арсен, КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь Вячеслав сымэ я гъусэу щыІащ Калюжнэ уэрамым. Гъущ1 гъуэгухэр Іуахыжа нэужь, ар зэтес щІыжьыным иужь ихьащ.

КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, мы зэманым Іэщ1агъэлІхэр йолэжь Головко уэрамым къащыщІэдзауэ Эльбрусскэм нэс дэлъ гъуэгу Іыхьэм. Калюжнэмрэ Головко уэрамымрэ щызэпыхьэм деж машинэхэр хуэрейуэ къежэкІыу ящІынущ, гъуэгубгъуэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ елэжьынущ, уэрамыр къызэрагъэнэхур ирагъэфІэкІуэнущ, уэлбанэм деж уэшхыр зэрылъэдэнухэр гъуэгубгъуэм хуащІынущ.

- Зэманыр пщІэншэу дгъэкІуэд хъунукъым. Дунейр зэрыуэфІыр къэдгъэсэбэпу, лэжьыгъэхэр щІэдгъэхуэбжьэн хуейщ. Ауэ нэхъыщхьэр зыщымыгъэгупщэ - ар гъуэгум и фІагъыр тэмэмынырщ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. Абы пщэрыльэ ящищІащ Іуэхухэр нэгъэсауэ, егупуу зэфІахыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Электрон картэ хэхам теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Электрон картэ хэхам теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ,
2017 гъэм фокІадэм и 22-м
№738-П-П

«Электрон картэ хэхам теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2017 гъэм фокІадэм и 22-м къищтащ

«Электрон картэ хэхам теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №60-м, 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м къащтам, къару имыІэжу къэлъытэн (хабзэм теуха хъыбархэр зэрылъ интернет-порталыр (www.pravo.gov.ru).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м
№31-РЗ

● Бжыгъэхэм къаІуатэ

«Налшык» кхъухьлъатэтІысыпІэм и Іуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм къахохуэ

2017 гъэм процент 30-кІэ хэхуауэ «Налшык» кхъухьлъатэтІысыпІэм и Іуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэм. Щ1ышылъэм щыщІэдзауэ фокІадэ маазэм нэсыхукІэ абыкІэ зекІуащ цІыху мини 180-м щІигъу.

Пасажирхэм я нэхъыбэм - цІыху 153724-м - къагъэсэбэпар къэзыгъэ кІуэцІ рейсхэращ. НэгъуэщІ къэралхэм ирикІуэныжкІэ «Налшык» кхъухьлъатэтІысыпІэр къыхахащ цІыху 26402-м.

ТЕМЫР Дисанэ.

Кавказ Ищхъэрэм и гъущІ гъуэгу туризмэм и щыхьэр

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хъунущ Кавказ Ищхъэрэм и гъущІ гъуэгу туризмэм и къалащхьэ.

ГЪУЩІ гъуэгу транспортыр къагъэсэбэпурэ ди республикэм и щІыналъэм турист лъагъуэщІэхэр къыщыщІэлъхьыным теухуа лэжьыгъэр жыджэру ирагъэкІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэрым курортхэмкІэ и министерствэм, Транспортымрэ связымкІэ къэрал комитетым, «РЖД Тур» компаниеи.

Кавказ Ищхъэрэ гъущІ гъуэгум иджыпсту зыплъыхьакІуэхэр къыщыщІэзрагъэпэщ Мэзкуу, Санкт-Петербург, Новороссийск къалэхэм, ретро-турхэр щагъэІэ Таганрог, Волгоград, Новочеркасск къалэхэм, Дон Іус Ростов ихъурегъым. Куэдым яфІэхьэлэмэтщ Дон Іус Ростов къикІыу Налшык къакІуэ махуитІ экскурс лъагъуэхэр. Мыгувэу лажьэу щІидзэнущ школакІуэхэм я нэгъэгъэужь Іуэхугъуэхэми.

УРЫСОКЪУЭ Маринэ.

● Мылъку

Сом мелард 77-м щІигъу

Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкІэ АПК-м и объектхэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хухахащ сом мелард 77-м щІигъу.

ГЪЭШ къыщыщІаш, Іэщ щагъэхъуэ иджырей комплексрэ пхъэщхьэмыщхьэ тонн мин 6,5-рэ зыщІэхуэну гъэтІылъыпІэрэ ухуэным текІуэдар ирагъэкъуэжьи папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 77-м щІигъу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыІэрыхьащ.

Ахъшэр къаутІыпщащ агропромышленнэ комплексым папщІэ объектхэр ухуэнымрэ къэгъэщІэрэщІэжьынымрэ, къищынэмыщІауэ техникэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къэщэхунымрэ трагъэкІуэда мылъкур хурагъэкъуэжьи мурадкІэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэм ипкъ иткІэ.

ТЕНДЖЫЗ Ринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм дэни зыщыізыубгъуа щІым и хъугъуэфІыгъуэхэм я къыщІэхьпІэхэр къызэрызэІуахамкІэ щыхьэт техьуэ комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я санитар щытыкІэр къэпщытэнымкІэ ведомствэхэм эздай комиссэмрэ хэтхэм зэхъуэжьІныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м №179-ПП Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм дэни зыщыізыубгъуа щІым и хъугъуэфІыгъуэхэм я къыщІэхьпІэхэр къызэрызэІуахамкІэ щыхьэт техьуэ комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м къыдигъэкІа унафэ №288-ПП-мкІэ къащтам, мыпхуэдэ зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Шавааев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыізпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр *(Комиссэм и унафэщІш);*

б) Джубуев Н.С. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм Щ1ым и хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпынымкІэ и департаментым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ геологиемрэ лицензэ тынымкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)»*;

в) Комиссэм къыхэгъэкІыжьин Биттиев Хь. Р., Кужонов Ж.А.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я санитар щытыкІэр къэпщытэнымкІэ ведомствэхэм эздай комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м къыдигъэкІа унафэ №72-ПП-мкІэ къащтам, мыпхуэдэ зэхъуэжьІныгъэхэр хэлъхьэн:

а) ведомствэхэм эздай комиссэм мыхэр хэгъэхьэн:

Шааев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыізпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр *(ведомствэхэм эздай комиссэм и унафэщІыр)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр;

б) Къуныжь В.Хь. и къулыкъур мыпхуэдэу къэхьын: «ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министрыр»;

в) ведомствэхэм эздай комиссэм къыхэгъэкІыжьин Биттиев Хь. Р., Къазаншв Л. Б., Тутыкъу А. М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

● «Бжьыхьэ дыщафэ-2017»

ЗэгурыІуэныгъэ щызэращІылІэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс къэс Мэзкуу къыщыхалъхьэ агропромышленнэ выставкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш предприятэхэр жыджэру хэтщ. Республикэм и япэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей эи пашэ гупышхуэ мы махуэхэм абы хэтащ.

«БЖЬЫХЬЭ дыщафэ-2017» 19-нэ Урысейпсо агропромышленнэ выставкэм ди лІыкІуэхэм я продукцэм хуэфащэ пщІэ щигъуэташ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщу къыздэлэжьэну жэрдэм зыщІахэри машІэкъым. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тюмень областымрэ я лІыкІуэхэр мэкъумэш Іэнатіэм и лъэныкъуэ псоми фейдэ пылъу щызэдэлэжьэну зэгурыІуащ.

Мы зэманым ди республикэм «Налшык-Іэфі ыкІэ» ООО предприятэм и Іэфы кІэхэмрэ «Тэрч гъавэ Іыхьпі э» жэуап пыухыкІа зыхь обществэм пасэу хъу и нартыху жылапхъэфІхэмрэ Тюмень областым ирегъашэ.

«Юмгис» ООО-м и унафэщІ Джырандокъуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым сату-экономикэ Іуэхухэмкіэ а щІыналъэм щиІэ хэщІапІэм и унафэщІщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Марьяш Иринэ Дзэлыкъуэ щІыналъэм хэхакІуэхэм щаІоущІэ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ хэхакІуэхэм щаІущІащ Дзэлыкъуэ районым.

Я ЩЫЗЬ Іуэхухэмкіэ абы зыхуагъэзащ цІыхуитхум. Ахэр депутатым елъэІуат сабийм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыным, псэупІэкІэ яІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным, мылъкуклІэ зыщІагъэкъуэным теухуауэ. Абыхэм къадэкІуэу Марьяш Иринэ ираташ щыІналъэм щыІа къалэнхэр зэфІэхьыным теухуауэ цІыхухэм зыкъызэрыхуагъазэ тхыгъэхьэри. Псалъэм и хъэтыркІэ, ахэр егъэщІылІащ псы зэрыкІуэну бжьамийм и етІуанэ чэзур укъуэдиным, район сымаджэщыр ремонтышхуэ щІыным, Сэрмакъ къуажэм еджапІэщІэр щыгъуэным, мэкъумэшхэкІэр щащІэ щы Іыхьэзэу республикэ, федеральнэ мылъкум ейуэ щытыр езы щІыналъэм къыхуэгъэнэжьыным, нэгъуэщІхэми.

ЦІыхухэр зыщІэупщІа псоми жэуап тэмэм ягъуэтащ, кърата тхыгъэхэр парламентаримк къыщигъэсэбэпынущ езым и лажьыгъэм.

А махуэ дыдэм Къэрал Думэм и депутатыр Дзэлыкъуэ къуажэм и паркым щыІащ, абы щрагъэкІуэкІ лажьыгъэр «Урысей зэкъуэт» партым «Къалэ цІыкІухэм я паркхэр» и проектым и координатору щыткІэрэ кьипщытащ. Ар зыхуэзэщар цІыкухэм я фІэфыныгъэм, абыхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэм ятещІыхьауэ апхуэдэ зыгъэпсэхупІэхэр зэІуэзэпэщ щІынырц. Мы зэманым зи гугъу тщІы программэм республикэм и муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэу - пЛІы хэтщ. Абыхэм ящІыщу проектым япэ увыпІэр щиІыгъщ Дзэлыкъуэ-къуажэ и паркым.

ЩОКЪУИЙ Іэминэ.

● Депутатхэм я нэІэ тетщ

Щхьэгуэш Адэлбий къепщытэ

«Къалэ гъащІэ» парт проектым и координатор, Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий Налшык и «Искож» хьэблэм фэтэр куэд хъууэ щыІэ унэхэм щыпсэухэм яІущІащ икІи еплъащ абыхэм я пщІантІэхэр зэІуэзэпэщ ящІыным теухуауэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм зэкІэ кьрикІуахэм.

ЩЫХЬЭРЫМ и щІыпІэ администрацэм и лІыкІуэхэм, Іуэхур зезыгъакІуэ компаниием щыщхэм я гъусэу Щхьэгуэшым щыгъуазэ зыхуищІащ Ашуровымрэ Неделиным я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм тет унэхэм я пщІантІэхэм щызэфІагъэкІа лэжьыгъэм зэкІэ кьрикІуахэм, апхуэдэу абы щыпІэм щыпсэухэм я упщІэхэм жэуапхэр ираташ.

Проектым хиубыдэ унэхэм я пщІантІэхэм лэжьыгъэ мымащІэ щрагъэкІуэкІащ: асфальтхэр щызэрахъуэкІащ, гъуэгубгъуэхэр къыщащІыхьащ, автомобиль гъэувыпІэхэр къыщызэІуахащ, жьы хъуа жыгхэр щрахащ, электрокъару зыпыщІа пкъуэжьхэм я пІэкІэ щІэхэр щыхатІащ. КІэщІу жыпІэмэ, лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ, арщхьэкІэ языныкъуэхэр арэзыкъым. Къэбгъэльагъэмэ, унэхэм щыпсэухэм яхэтщ автомобиль гъэувыпІэхэр нэхъыбэ ящІыну хуейкъэ, адрейхэм къыхалъхьэ щхьэантІагъэхэм, сабий джэгупІэхэм я бжьыгъэм хагъэхъуэну. Щхьэгуэш Адэлбий чэнджэщ яритащ псори арэзы зытехъуэну хэкІыпІэ къагъуэтыну.

«Нобэ дэ зэрыпТ1ьагъуащи, «Къалэ гъащІэ» проектыр Налшык жьыджэру щагъэзащІэ. Ипэкіэ зэрыщытам елъытауэ, зэфІагъэкІар мащІэкъым. Арщхьэкіэ цІыхухэм я Іуэху епІъыкІэхэр зэтемыхуэу къыщІокІ. Апхуэдэу щыщІткІэ къыхьызолъхьэ къыхахыну зыхуейм теухуауэ Іэ традзэну. Нэхъыбэм я фІэфІыныгъэрщ къалъытэнур. Мыбдежьм мыхъэнэшхуэ щиІэщ абы», - жиІащ Щхьэгуэшым.

Фигу къэдгъэкІыжьинщи, «Къалэ гъащІэ» парт проектым ипкъ иткІэ мы гъэм Налшык пщІантІэ 68-рэ къыщагъэщІэрэщІэжьынущ, къалэ уту тІу щрагъэфІэкІуэнуц. А лэжьыгъэм ирахьэлІэнущ сом мелуани 170-рэ.

ПЕЧЁНОВ Владилен.

НОБЭ

♦Психикэ узынщагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦ЦІыхум и судыр укІкІэ ящІэу мыдэным и европэпсо махуэщ

♦1932 гъэм ДнепроГЭС-р къызэІуахащ.

♦1933 гъэм дунейм щыяпэу США-м и тыкуэнхэм къыщІалъхьащ зэрыжьыщІэ порошок.

♦1941 гъэм Жуков Георгий Къухьэпіэ фронтым и унафэщІу ягъэуващ.

♦1943 гъэм Хмельницкий Богдан и орденыр къащІащ.

♦1963 гъэм ядернэ Іэщ1эр уэгуми, хьэршми, псы щІагъми щагъэунэхуу яхуэмыдэным теухуа зэгурыІуэныгъэм къару игъэтащ. Абы япэщІыкІэ Іэ щІадзащ СССР-м, США-м, Инджылызым, *и*ужькІэ мазитІым къриубыдэу абыхэм къакъуэуващ къэрали 107-м я правительствэхэр.

♦1964 гъэм Токио къыщызэІуахащ XVIII Олимп джэгуэхэр. Зэхьэзэхуэхэр жэпуэгъуэм и 10 - 24-хэм зэхэтащ. Ар Азие щыналъэм щрагъэкІуэкІа япэ Олимпиадэт.

♦1993 гъэм НТВ урысей телеканалым лэжьэн щІидзащ.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Щомахуэ Амырхъан** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Франджы балеринэ цІэрыІуэ **Черинэ (ЩІамырзэ) Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Іулыдж Іустырхъан** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІуантІэ Іэзид** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **Елгъэр Кашиф** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжысмел** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ артист **Куэт Хьанщобий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ, КъБР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкІэ лэжьа **Дэбагъуэ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Шорэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дыщэр къыщыщІахми щылъапІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ ІэухутхьабзэхэмкІэ и организацэхэм социальнэ Іэухутхьабзэхэр ящІэн папщІэ пэупІэ пэшхэмкІэ къыізэрызэрагъэпэщ мардэхэр яхуэгъэувыным и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм фокІадэм и 5-м Налшык къалэ №159-ПП

«Урысей Федерацэм цІыкІухэм социальнэ Іэухутхьабзэхэр зэрыщыхуащІэм и Іьабжьэхэм я Іэухукіэ 2013 гъэм дыгъэгъабзэм и 28-м къыдэкІа Федеральнэ закон №442-ФЗ-м и 8-нэ статьям и 5-нэ пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм социальнэ ІэухутхьабзэхэмкІэ и организацэхэм социальнэ Іэухутхьабзэхэр ящІэн папщІэ пэупІэ пэшхэмкІэ къыізэрызэрагъэпэщ мардэхэу мыпхуэдэу ягъэувар къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм фокІадэм и 5-м къыдигъэкІа Унафэ №159-ПП-мкІэ къаштащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ Іэухутхьабзэхэр щыізыщІэ организацэхэм социальнэ Іэухутхьабзэхэр щащІэкІэ къахуиутІыпщ псэупІэ пэшхэр зыхуэдизым и

МАРДЭХЭР

№ п/п	Социальнэ Іэухутхьабзэ яхуэзыщІэ организацэхэр	ПсэупІэ пэшхэмкІэ къыізэрызэрагъэпэщым и мардэр (зы цІыхум метр зэбгъуэзэнатІэу хуэзэр)
1.	Жьы дыдэ хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щаІыгъ унэ -интернатым: Зи ныбжь хэкІуэта цІыхухэмрэ тыншу е гугъу ехьыурэ зекІуэ цІыхухэм папщІэ	6,0
	Зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ къэмытаджьыф ныкъуэдыкъуэхэмрэ папщІэ	5,0
2.	Психоневрологие интернат: Зи ныбжь хэкІуэта цІыхухэмрэ тыншу е гугъу ехьыу къэзыкІухь цІыхухэмрэ папщІэ	6,0
	Зи ныбжь хэкІуэта цІыхухэмрэ къэмытаджьыф ныкъуэдыкъуэхэмрэ папщІэ	5,0
3.	Зи акъылкІэ къыкІэрыхуа сабийхэм папщІэ сабий унэ-интернатым	4,5
4.	Геронтологие центрым	5,0
5.	Жьы дыдэ хъуахэу зи закъуэу къэнахэр щаІыгъ унэ щхьэхуэм	14,5
6.	Социальнэ Іэухутхьабзэхэр щыхуащІэ центрым (комплекс центрым): стационар къудамэм	5,0
	пІалъэкІэ щыпсэу къудамэм	4,5
	махуэр щагъакІуэ къудамэм	4,5
7.	Сабийхэм папщІэ реабилитацэ центрым, абы зи узыншагъэм ныкъусаныгъэ зиІэ сабийхэм хухахахэр хэту	4,5 6,0
8.	Балигъ мыхьуахэм я социально-реабилитацэ центрым (стационар къудамэм)	4,5
9.	Унагъэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэ щрат центрым (стационар къудамэм)	4,5

● «Зэгурыіуэныгъэр» зэІущІэм

Къуажэдэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр ягъэнэхъыщхьэ

Урысейм и Жылагъуэ палатэм Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ университетым (Ставрополь къалэ) щригъэкІуэкІащ цІыху жыджэрхэр, мыкоммерцэ организацэхэм, бизнес Іэнатіэхэм, властым и Іуда-мэ псоми я лІыкІуэхэр зыхэта «Зэгухьэныгъэ» зэІущІэр. Абы щытепсэльыхьащ щыналъэм къыпэщыт къалэнхэр гъэзэщІэным щыхуэхэр хуэзыгъэгъуІуэнымкІэ лэжьыпхьэу кьалъытэ Іухуэгъуэхэм. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Берд Хьэзрэталий зэхьыхьэм хэтащи, абы нэхъыщхьэу зи гугъу щащІахэм дыхегъэгъуазэ.

Берд Хьэзрэталий.

«ЦІЫНАЛЪЭХЭР зэхуэгъэдэн: граждан обществэм игъэзащІэ мыхьэнэр» пленар сессиием УФ-м и Жылагъуэ палатэм и секретарь Фадеев Валерий къыщыхигъэщащ къулейсызыгъэр гъэкІуэдыныр я кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр.

- Цыху мелуан 10щым щІигъум псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей хэхъуэ яІэкъым, лэжьапІэншэхэр икъукІэ кудщ, экономикэм и Іэнатіэхэр зэІуМыбзщ. Апхуэдэ щытыкІэм хэкІыпІэ езэгъырабгъу къыхуэгъуэтыпхъэщ. Я Іэщіагъэм ирилэжьэну Іэмал зымыгъуэт инженерхэм, я Іьахэр ябгьнауэ нэгъуэщІ щыпІэхэм лэжьыгъэ къыщызыІытыхьуэ щІалэгъуалэм дарителъхьэщ. Политикэ пхьгъэкІакІуэхэм ящыщ куэдым абыхэм я дежкІэ кьалэшхуэхэр хэкІыпІэу кьалъытэ. ЦІыхухэм я зэхуэдитІыр зэхэшэпсыхьыжу дощІри, я унэм кьинахэр дауэ зэрыхъунур - пособие кьыщратынум пэплъэн хуейуэ ара? Кьалэшхуэхэм я мызакъуэу, нэгъуэщІ щыпІэхэми псэукІэ тынш щыпхуэзэтеуухуэнущ. Абы папщІэ, Іэнатіэхэм я Іьэщагъэр зэхуэдэу ятегуэшэн хуейщ. НэгъуэщІ зы гугъуехьи щыІэщ - ар къэралым и щыналъэхэр зэпызыщІэ уэгу транспортыр хуабжьу зэрыльапІэрщ. Авиацэ компаниехэм хэфащэ хэхъуэ кьалэрыхьэу цІыхухэр тыншу кьрашэжІын щхьэкІэ, зыхуэфащэ Іуэхущапіэхэм зыджэру дадэлажьапхъэщ, - къьіхигъэбелджылыкІащ Фадеев Валерий.

Абы къызэриІыпхэмкІэ, щыпІэ унафэщІхэм я дежкІэ нэхъапэр кьуажэдэсхэм я псэукІэр къэІэтынырщ. Псалъэм папщІэ, гъавэ бэв кьыщрахьэпІэжми, зыкІи емыфІакІуэ жылагъуэхэр мащІэкъым.

Щыналъэхэм я щытыкІэм, ахэр зыхуэдэм хуэгъэпса программэхэр я льабжьэу зэпкъраха Іуэхугъуэхэр гьащІэм и льэныкьуэ зэмылІэужьыгъуэхэм трауХуащ. Апхуэдэщ АПК-м, туризмэм, кьуажэхэм я щІэгъэнэм мыкоммерцэ организацэхэм зегъэужьыным, КИФЩІ-м щІалэгъуалэ политикэр зэрыщыпхагъэхІыным, федеральнэ мыхьэнэ зиІэу хэхауэ яхъумэ Кавказым и нарзаныпсхэм я эколог-курорт щыналъэр егъэфІэкІуэным екъэпІахэр. ЗэІущІэм и Іьалэн нэхъыщхьэу щытар а Іуэхугъуэхэр зэфІэхьыным мыкоммерцэ организацэхэмрэ цІыху жыджэрхэмрэ халъхьэфынур зыхуэдэр, лэжьыгъэр нэхъ щэщІауэ ирагъэкІуэкІын папщІэ, зыхуэныкъуэхэр гъэбелджылыныщ.

Псалъэм папщІэ, «ЩІалэгъуалэм и пщэдейр» зэІущІэм КИФЩІ-м щагъэзащІэ щІалэгъуалэ политикэм хьихэ Іуэхугъуэхэр, кьапщтэмэ, Іэнатіэкіэ къыізэрызэрагъэпэщыр, гьащІэм зэрыхэзагъахъуэр, нэгъуэщІ Іэщіагъэм зэрыхуеджэр, мыхъумыщІагъэхэм зэрапэщІэтыр щыізэпкърахащ. Псалъэмакъыр зи жэрдэм, Жылагъуэ палатэм социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэмкІэ, профсоюзхэм ядэлэжьэнымрэ ветеранхэр дэІыгъыныкІэ и комиссэм и унафэщІ Починок Наталье къыхигъэщащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэр Урысейм и адрей округхэм яужькІэ къызэрызэрагъэпэщащ икІи социально-экономикэ щытыкІэр абы хуабжьу зэрыщыгугъур.

«ЦІыху гуапэхэр. ДэІепыкъуэгъу хэныкьуэ цІыху гупхэр адрейхэм яхэгъэзэгъэн» секцэм щытепсэльыхьащ зи узыншагъэм кьимыпІасэ сабийхэм кІуэт щІэныгъэ, кІуэт Іэщіагъэрэ щІэныгъэ ищхьэрэ зрагъэгъуэтыныкІэ щыІэ Іэмалхэм. Псом хуэмыдэу, гулъытэ хэха хуащІащ щІэныгъэ зрагъэгъуэтым и мызакъуэу, лэжьэну хуейкэр зыхуэзэ гугъуехьхэм.

Къапщтэмэ, МГПУ-м инклюзив егъэджэныгъэмкІэ и проректор Алёхинэ Светланэ къыхигъэбелджылыкІащ щІэныгъэм пэІущІэ сабий иджырей Урысейм зэрыщымыІэр, «зэрыпэлъэщым ельытауэ, дэтхэнэ зы ныбжьыщІэри еджэну зэрыхуитыр».

«Кавказым и нарзаныпсхэм я щІыналъэм зэрызижьым жылагъуэ кІэльпІыныныгъэр къызэрыщыізэрагъэпэщыр» секцэр нэхъыщхьэу зытраухуар зихуэдэ щымыІэ а тепльыджалъэм и экологие щытыкІэрщ. Кавминводхэр-бальнеологие курортщ. Ар зыхуэзэ щыпІэм ухуэныгъэ щрагъэкІуэкІыну е Іуэху гуэрхэр щызэрахьэну хуиткъым. Арами, абы и экологиер зыхуэдэм ІэщіагъэлІхэр нобэ хуабжьу егъэпІейтей, нарзаныпс кІуапІэхэр, бюветхэр (псы хущхьуэ, псынэпс ефапІэхэр), къыщІэщыпІэхэр, коммуналынэ инженер сетхэр жьы хъуащ е ахэр щыІэхъхэкъым.

УФ-м и Сату-промышленнэ палатэм щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныр экологиемкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Жуков Владислав къызэрилъытэмкІэ, Кавминводхэм я мызакъуэу, курорт-рекреацэ кластерхэр здэщыІэ Кавказ Ищхьэрэм и адрей республикэхэри апхуэдэ щытыкІэм итщ. Абы къыхэкІыу, щыналъэ законодательствэри хэту, а щыпІэхэм аудит къэпщытэныгъэхэр зэуІуу щегъэкІуэкІыпхъэщ.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныкІэ и комиссэм и унафэщІ Дударевэ Альбинэ зэрыжиІамкІэ, Урысейм и щыналъэ псоми «Экологие зыщыхуэдэр зэІухауэ хэІущІыІу щащІыну портал щхьэхуэ мыгувэу къызэрагъэпэщынущи, дяпэкІэ а Іэмалыр къагъэсэбэп хъунущ.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хьихэ щыналъэхэм мэкъумэш Іэнатіэм зэфІэкІышхуэз зэрыщалІэр кьалъытэри, абы адэкІи зегъэужьнынымрэ социальнэ политикэмрэ пыщІа Іуэхугъэри зэпкърахащ. «Кьуажэ узыншэ» зыфІаща зэІущІэм хэтахэм кьагъэлъэгъуащ кьуажэдэсхэм я гьащІэр щыым зэрепхар, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщхьэхэмрэ зэІепахыурэ ар зэрызэрахьэр. Ижьырей щыналъэм я щІэныгъэр кьотІасхъэ, щІалэгъуалэр кьуажэм докІ. Абы къыхэкІыу, кьалэн нэхъыщхьэр ахэр Іэнатіэкіэ къызэрэпэщыным и мызакъуэу, псэукІэ тэмэми яІэнырщ.

«Кьалэм и щытыкІэр. ЖКХ-м пыщІа гугъуехьхэмрэ кьалэм и теплъэм зегъэужьныныр» зэІущІэм нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр щызэпкърахащ. Апхуэдэщ кьалэ цІыкІухэмрэ курытхэмрэ я инфраструктурэр нэхъ пщалъэ мащІэми къызэрымытІасэр, зэІуэпащ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІкІэ цІыкІухэм я сэбэп зыхэлъхэр къызэрамыльытэр, жылагъуэ жэрдэмхэр щыпІэхэм щІагъуэу зэрыщыдамыІыгъыр, псэупІэ кІэлъыплъныныгъэр тэмэму къызэрызэрамыгъэпэщыр.

«Зэгухьэныгъэ» зэІущІэм кърикІуар зэхалъхьэжьынурэ, Урысейм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам хагъэхьэну хуагъэхьынущ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● ЩІэ

Иджыри жылагъуэ 16-м ялъэІэсынущ кІапсэрыкІуэу щымыт Интернет зэпыщІэныгъэр

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэхуэсым, «Комитетым и сыхьэтхІэ» зэджэ Іыхьэм, щыхэплъащ «Ростелеком» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и лэжьыгъэмрэ абы щызэфІах социальнэ Іэухутхьабзэхэр нэхъыфІ щыным теухуауэ зэфІагъэкІахэмрэ къызэщІэзыубыдэ Іуэхугъуэм. Депутатхэм я пащхьэ къыщыпсэльащ Іэухущ Іапі эм и унафэщІ Мэшыкъуэ Барэсбий.

«РОСТЕЛЕКОМ» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм дызэрыт зэманым иІэщ Интернет зэпыщІэныгъэхэм и абонент мин 77-рэ, телефон къызэрыгуэкІым хуэдэ къэзыгъэсэбэп абонент мини 100,5-рэ, оптоволоконм ирикІуэ Интернетыр унэльапсэ мин 97-м ирашэлІащ. Апхуэдэ Іэухутхьабзэхэр цІыхум зэрыхуащІэм къыпэкІуэу иужьрей мази 8-м хэхъуэу сом мелуан 715-рэ иІащ. Дызэрыт илъэсым кьрибудыру Іэухущ Іапі эм и мурадщ инвестицэу сом мелуани 139-рэ кьиГъэсэбэпныну. «Ростелеком» ПАО-м цІыху 642-рэ щолажьэ, ику иту сом 32-рэ я мазэ улахуэу.

Къэпсэльам къызэрыхигъэщамкІэ, 2016 гъэм налогыу ятар сом мелуан 69-рэ мэхъу, абы щыщу КъБР-м и бюджетым сом мелуан 52-рэ кІуащ. 2017 гъэм техуэ налогыр сом мелуан 70 хъуну, абы щыщу 54-р КъБР-м къыІтыысыну хуагъэфащэ.

- Федеральнэ программэ пыухыкІам ипкъ иткІэ 2015 гъэм ди Іуэхущ Іапі эм и къаруКІэ лажьэу дутІыпщащ кІапсэрыкІуэу щымыт (Wi-Fi) Интернет «къэІэтыгъэ зэхуэпІуэ» плІы, - жиІащ Мэшыкъуэ Барэсбий. - Апхуэдэ щІыкІэкІэ Бейдыдж, Бахъсэн Ипщэ, Джулат къуажэхэмрэ Сарскэ къутырымрэ щыпсэуэхэр кІапсэрыкІуэу щымыт Интернеткіэ къызэдгъэпэщащ. Зи гугъу тщІы проектымкІэ, 2017 - 2018 гъэхэм республикэм и жылагъуэ 16-м ар етшэпІэнущ.

Социальнэ Іэухутхьабзэхэр гъэзэщІа зэрыхъум хиубыдэ Іуэхугъуэхэм щыщу Мэшыкъуэм къыхигъэщащ республикэм щыІэ курыт еджапІэ 324-р Интернетым зэрыпыщІар. Ар ныкъусаныгъэншэу лэжьэн папщІэ оптоволокно кІапсэу километри 146,1-рэ яукъуэдиящ. Абы сом мелуан 38,7-рэ трагъэкІуэдащ. КьищынэмыщІауэ, узыншагъэм щыкІэлъэпитІу Іуэхущ Іапі эу 562-рэ Интернет зэпыщІэныгъэкІэ къызэрагъэпэщым папщІэ сом мелуан 49,2-рэ и уасэ оптоволокно кІапсэу километр 232,3-рэ зэбграшащ. Интернет зэпыщІэныгъэхэр зэралъэІэсам и фІыгъэкІэ, узыншагъэкІэ зи Іуэху зэкІэлъыкІуэу щабэ 209-м Іэмал яІэщ унэм къыщІэмыкІыу курыт щІэныгъэ зрагъэгъуэтыну. Апхуэдэу Интернетым пыщІащ щІыналъэм щыклажьэ МФЦ 97-рэ.

Мэшыкъуэ Барэсбий депутатхэм щыгъэгъуэщащ зи унафэщІ Іуэхущ Іапі эм Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфІихэ нэгъуэщІ проект зыбжанэми, «Республикэ шынагъуэншэ» программэ зэхэлъым ипкъ иткІэ лажьэу яутІыпща автоматизированнэ комплексхэм я гугъу ищІащ, Іуащхьэмахуэ лъапэрэ Налшык и Къэбэрдей уэрамымрэ къыщызэІуаха веб-камерэхэм тепсэлъыхьащ.

Филиалым и зэфІэкІкІэ къызэрагъэпэща Іуэхугъуэхэм хохьэ узыншагъэр хъумэным теухуа Кавказ Ищхьэрэ щІэныгъэ конференцыр, «ИлъэсымкІэ и егъэджакІуэ нэхъыфІ - 2017» урысейпсо зэпеуэр, «Музейхэм я жэщ» къэрал акцэр, Гуэл ЩхьэантІэхэм я щэхуэр джыным пыщІа теле-лъэмыжхэр. КьищынэмыщІауэ «Ростелеком»-р ящыщу «Интернетым и алыфбей» социальнэ проектыр езыгъэкІуэкІхэм.

Мэшыкъуэ Барэсбий апхуэдэу къытеувыІащ гулъытэ зыхуэщІыпхъэ Іуэху къьинхэми. Абыхэм ящыщу, псалъэм папщІэ, къат куэду зэтет унэхэм я унащхьэхэр радиоэлектроннэ зэпыщІэныгъэхэм, антеннэ, камерэ зэмылІэужьыгъэхэм, хъумакІуэ къашэн зыгъэзащІэ Іэмэпсымэхэм папщІэ къэгъэсэбэпыныр хабзэм къызэремызэгъыр. Ахэр хабзэм тету лэжьэн папщІэ къэрал къулыкъущ Іапі э щхьэхуэхэм я арэзыныгъэ хэлъу, шынагъуэншагъэр къызэпимыдуу, уухуэныгъэм и мардэхэм къеззгъэІуу зэрыщытыпхъэр. Республикэм телекоммуникацэм псынщІэу зэрызыщиубгъуэм тепщІыхьмэ, шынагъуэ щыІэщ хабзэм темыт зэрыгъэчэтыщІэхэм я бжыгъэр бэгъуэнымрэ мамыру псэуну гурылъ зимыІэ цІыхуу Интернет зэпыщІэныгъэр къэзыгъэсэбэпхэм кІэлъыплъныныр гугъусыгъу зэрыхъунымрэ зи гугъу тщІы Іуэхугъуэм къыхэкІныныр.

Апхуэдэу Мэшыкъуэ Барэсбий жэуап иритащ депутатхэм я упщІэхэм. Псалъэм папщІэ, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ щІэупщІащ «Ростелеком»-м лэжьакІуэ яГъэувэкІ ябгъэдэлъын хуей щІэныгъэр зыхуэдэмрэ Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэр къызэращтэ щыкІэхэмрэ. Абы и жэуапу Мэшыкъуэм жиІащ я лэжьакІуэхэм я нэхъыбэм техническэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэрабгъэдэлъыр.

- КъБКъУ-р, КъБКъМУ-р, «Ухуакіуэ» лицейр къэзыухэр гъэ къэс ди бже практикэ щрахьэкІыну Іэмал ядот, нэхъыфІу зыкъэзыгъэлъагъуэхэм лэжьапІэ кІахудогъуэт, - жиІащ Мэшыкъуэ Барэсбий.

Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ ищІэну хуейт «Ростелеком» ПАО-м льготэ зэмылІэужьыгъуэхэм япкъ иткІэ цІыкІухэм хуащІэ Іуэхугъуэхэр зэхуэдэр. Къэпсэльам жиІащ льготэ зытехуэ Іуэхугъуэхэр ямыІэми, сабий зеинщэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зыщІагъакъуэу Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр я жэрдэмкІэ зрагъэзэфІахыр.

Хабзэубзыхуэр щІэупщІащ щІыналъэм кІуэцІрыкІ гъэзэгухэмрэ жылагъуэхэр зэпызыщІэхэмрэ видео Іэмэпсымэкіэ къызэрэпэщыныр здынэсам, къызэрыгуэкІ телефонхэр кІуэдыжьынрэ мыкІуэдыжьынрэ, Интернет зэпыщІэныгъэхэр зи льабжьэ Іуэхугъуэхэм я къьежьэкІэм, IP-телевиденэм, нэгъуэщІхэм.

ЗэІущІэм и кІэухым депутатхэр зэгурыІуащ зытепсэльыхьахэм ятеуху чэнджэщхэр зи сэбэп хэлъ Іуэхущ Іапі эм хуагъэхьыну.

БАТЫР Любэ.

● «Адыгэ Республикэм и гъуаздджэр

«Налмэсыр» (Мейкъуапэ) къофэ.
Сурэтыр **Думэныщ Фэрид (Анкара)** *трихащ.*

● Бахъсэн щІыналъэ

ПсэупІэхэр иращІыхьын папщІэ

Бахъсэн щІыналъэм щекІуэкІащ районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым и епщыкІутІанэ сессиер. Абы и лэжьыгъэм хэтащ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къанэмэт Рустамрэ и къуэдзэхэмрэ, нэгъуэщІ унафэщІхэр.

«2017 ГЪЭМ Бахъсэн районым и бюджетымрэ 2018-2019 гъэхэм тещІыхьамрэ зэхъуэкІныгъэхэмрэ щыгъуэныгъэхэмрэ хэлъхьэным и Іуэхугъэ доклад ищІащ муниципальнэ районым финансэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ ПщІыкІ Мухьэрбий.

КъыкІэлъыкІуэу сессиием щыхэплъащ щІыналъэм псэупІэхэр щращІыхьын папщІэ щы Іыхьэхэр яэныныкъуэ цІыхухэм пщІэншэу зэрыщыхухах хабзэр гъэзныным. Абы теухуауэ къэпсэльащ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Бешкіур Азэмэт.

Депутатхэм нэгъуэщІ Іуэхухэми унафэ тращІыхьащ.

Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩІыхуэр ирагъэтыж

«Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэм лэжьыгъэмкІэ законодательствэр зэригъэзащІэр Прохладнэ къалэм и прокуратурэм къыпщытащ.

КъЫЗЭРАХУТАМКІЭ, 2017 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм зэтрихьауэ, лэжьакІуэ 785-м улахуэмкІэ я щІыхуэу сом мелуани 9,3-м щІигъу предприятэм тельт. Абы къыхэкІыу, УФ-м и КоАП-м и 5.27-нэ статьям и 6-нэ Іыхьэмкіэ (улахуэр и чэзум зэримытым папщІэ), Прохладнэ къалэм и прокурорым заводым хуэгъэзауэ административнэ Іуэху къызэІуихащ икІи щыхэзыгъэщ щхьэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Лэжьыгъэмкіэ и инспекцэм иритащ.

Ар яджа нэужь, предприятэм сом мин щэщІкІэ етхьэкъуащ.

Къэпщытэныгъэм и фІыгъэкІэ, улахуэмкІэ телъа щІыхуэ псори «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэм зытригъэкІыжащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщыщыпсальэм, Сабий унэм и дохутыр нэхъыщхьэ Къарымыкъуэ Маритэ и гугъу ищащ ильэсит! и пэкІэ къызэІуахауэ щыта реабилитацэмкІэ къудамэм и лэжьыгъэм. А зэманым къриубыдэу абы я узыншагъэр щызэфІагъэувэжащ сабий 2456-м, 1047-р ныкъуэдыкъуэу.

«ЩХЬэ кІуІым, тхым ирикІуэ псантхуэ узыфэхэр зиІэ сабийхэм ущІэзэкІэ, Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр зэуэ къэгъэсэбэпыным икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы и льэныкъуэмкІэ ди лэжьыгъэм къыщыхуэщхьэпэ иджырей Іэмэпсымэщ Іэхэр», - жиІащ Къарымыкъуэм.

Сабий унэм и дохутыр нэхъыщхьэм къыхигъэщащ щхьэ кІуІым, тхым ирикІуэ псантхуэ узыфэ зиІэ сабийхэм ящІэзэкІэ. Абы и льэныкъуэмкІэ ди лэжьыгъэм къыщыхуэщхьэпэ ящІэзэкІэ зиІэ сабийхэм я ныбжьыщІэхэм я льабжьэ зэрыщыхуэщхьэпэ ящІэзэкІэ, Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр зэуэ къэгъэсэбэпыным и мурад ищІащ.

Ар ящІэзэкІэ, Іэмалыр ящІэзэкІэ, ящІэзэкІэ, ящІэзэкІэ,

КІэрэфхэ Къамболэтрэ Майерэ

● Щэныгъэ

Зи зэфІэкІ лъагэхэмкІэ ди республикэми щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІ щыпкъэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, адыгэхэм ящыщу щІэныгъэхэм я доктор цІэр япэу зыхуагъэфэща, КъБКъУ-м и ректору 1965 - 1973 гъэхэм лэжьа КІэрэф Къамболэт Наурыз и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа хэкуЛщ. Хэку зауэшхуэм и ужь лъэхъэнэм ди щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэр щызэфІэгъэувэжыныкІэ, абыхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыха Къамболэт апхуэдэуи къызэригъэпэщащэ щытащ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэщІэхэр къэгъэкІыныкІэ Іэнатіэ щхьэхуэ.

МЭКЪУМЭШ лэжьыгъэхэр къызыхуэтынщэу зэтеублэжьын къалэн гугъур 50 гъэхэм я пэм дзыхь къыхащІауэ щытащ КІэрэфым, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру ягъэувр. Ар я пашэу зэрагъэпэщыжауэ щытащ пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкІхэр гъэкІыным елэжь щІэныгъэ Іэнатіэхэр, псыщІэгъэльадэм пыща станцхэр. КІэрэфым къару куэд ирихьэлІащ ди щІыпІэм хъарзынэу къыщыхъуфыну щІыпІэрыс гуэдз лІэужьыгъуэхэр, узыфэхэм япэщІэтыф, гъавэ бэв кІэзэыт нартыху лъэпкъыгъуэхэр къэгъэкІыным. Абы къэхутэныгъэхэр щигъэкІуэкІырт къуажэхэм щызэхэт колхозхэм, совхозхэм я губгъуэхэм, техникэ станцхэри зэгъэпэщыжынми гулъытэ хэха хуищІу, къэкІыгъэ лІэужьыгъуэщІэхэм я зэфІэкІхэр къэхутэным, нэхъ псынщІэу ахэр хозяйствэ псоми къагъэсэбэпыф, апхуэдэуи гъавэ бэв къытрахыф хъуным хуэнабдзэгубдзаплъэу.

Жэуаплныгъэ зыпылъ Іэнатіэ куэдым пщІэрэ щІыхьэрэ иІэу пэрытащ КІэрэфыр. ЩІэныгъэ куу, акъыл ІэщІа зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлі щыпкъэр лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутэкІуэ институтым и унафэщІу. Абы къыкІалъыкІуэу ар и пашэ хъуащ Кавказ Ищхьэрэм щынэхъ ин дыдэу къалъытэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЗэфІэкІыкІшхуэ, гудзакъэ зиІэ щІэныгъэлІ Іэзэм мыбдежми зыкъыщигъэльэгъуащ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ нэсу. ЕкъэзІуахагъащІэ еджапІэ нэхъыщхьэ щхьэр зыхуэныкъуэр Іэщ Іагъэлі хэм я закъуэтэкъым, атІэ а иІэ егъэджакІуэ мащІэри зыхуэёи-зыхуэфІ куэдым хуищІыкІэрт. Абы къыхэкІыуи егъэджэныгъэр, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр тэмэму зэтеубла хъуртэкъым. Іэхэр зыІутым фІыуэ щыгъуаз зищІа нэужь, КІэрэфым мурад ищІащ зэман кІэщІым къриубыдзу университетыр мыльку-техникэ лъабжьэ быдзкІэ къызэригъэпэщыну иКи ар зригъэхъулІащ. Къамболэт и фІыгъэкІэ нэхъ псынщІэу зэфІэкІауэ щытащ университетым и химие-биологие, тхыдэ-филологие, физико-математикэ факультетхэм, механизацэм, зауэ Іэуэхэм щыхурагъаджэ къудамэхэр щылажьэну унэхэр ухуэныр. Апхуэдэу студентхэм папщІэ яухуауэ щытащ спорт пэщышхуэр, общежитхэр, тІысыпІэ 300 зиІэ шхапІэ иныр, библиотекэр.

КІэрэфыр КъБКъУ-м и ректору щыщыта илъэсхэм абы апхуэдэу къыщыхэІуахауэ щытащ студентхэр ухуэныгъэм, промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм епха Іэщ Іагъэхэм щыхурагъаджэ, медицинэ факультетхэр. Псори зэхэту а лъэхъэнэм университетым къыщІигъэкІыу щытащ щыхуфІ хозяйствэм и унэтІыныгъэ 11-м щылэжьафІ Іэщ Іагъэлі хэр. Абы-хэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэн, я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щыхэпІъэн папщІэ а зэманым КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэщауэ щытащ кандидат диссертацэхэмкІэ совет щхьэхуэ. ЩІыпІэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым хэгъэхуэныкІэ ар Іэмалыфі хъуауэ щытащ.

ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэхэр иригъэкІуэкІащ Къамболэт. Абы къигъэкІащ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэхэу «Кабардинец» (зэнтхъ), «Кабардинка» (гуэдз), «Кабардинская белая зубовидная», «Юбилейная-50» (нартыху лъэпкъыгъуэхэр). Аизр цІэрыІуэ щыхъуар ди республикэм и закъуэкъым, атІэ ди къэзыгъэпэщыну иКи ар зригъэхъулІащ. Къамболэт и фІыгъэкІэ нэхъ псынщІэу зэфІэкІауэ щытащ университетым и химие-биологие, тхыдэ-филологие, физико-математикэ факультетхэм, механизацэм, зауэ Іэуэхэм щыхурагъаджэ къудамэхэр щылажьэну унэхэр ухуэныр. Апхуэдэу студентхэм папщІэ яухуауэ щытащ спорт пэщышхуэр, общежитхэр, тІысыпІэ 300 зиІэ шхапІэ иныр, библиотекэр.

КІэрэфыр КъБКъУ-м и ректору щыщыта илъэсхэм абы апхуэдэу къыщызэІуахауэ щытащ студентхэр ухуэныгъэм, промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм епха Іэщ Іагъэхэм щыхурагъаджэ, медицинэ факультетхэр. Псори зэхэту а лъэхъэнэм университетым къыщІигъэкІыу щытащ щыхуфІ хозяйствэм и унэтІыныгъэ 11-м щылэжьафІ Іэщ Іагъэлі хэр. Абы-хэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэн, я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щыхэпІъэн папщІэ а зэманым КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэщауэ щытащ кандидат диссертацэхэмкІэ совет щхьэхуэ. ЩІыпІэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым хэгъэхуэныкІэ ар Іэмалыфі хъуауэ щытащ.

ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэхэр иригъэкІуэкІащ Къамболэт. Абы къигъэкІащ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэхэу «Кабардинец» (зэнтхъ), «Кабардинка» (гуэдз), «Кабардинская белая зубовидная», «Юбилейная-50» (нартыху лъэпкъыгъуэхэр). Аизр цІэрыІуэ щыхъуар ди республикэм и закъуэкъым, атІэ ди къэралым и щІыпІэ куэдми, хамэ щІынальэхэми щытхъушхуэ щыхужаІащ. Абы игъэхъэзыращ щІэныгъэхэм я кандидатрэ доктору 60-м щІигъу, и ныбжьыщІэхэр ин хуэзыщІа хэкуЛщ. Хэку зауэшхуэм и ужь лъэхъэнэм ди щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэр щызэфІэгъэувэжыныкІэ, абыхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыха Къамболэт апхуэдэуи къызэригъэпэщауэ щытащ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэщІэхэр къэгъэкІыныкІэ Іэнатіэ щхьэхуэ.

Студент илъэсхэр щыгъу, купщІафІэу ирихьэлІащ адыгэ хъыджэбзым. Фіыуэ зэреджэм къыдэкІуэу, ар жыджэру хэтт МКъУ-м щекІуэкІ жылагъуэ, студент гъащІэми. А зэманым ирохьэлІэ Майе и ятІонерхуэныгъэ лэжьыгъэхэри. ЗэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъу къалъытэ бзылъхугъэ цІыкІур абыхэм ар трагъэгушхуэрт и егъэджакІуэхэм.

Майе 1956 гъэм щІэтІысхьащ Куржым Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и академием къепхауэ лажьэ институтым и аспирантурэм икІи 1961 гъэм игъэхьэзыращ, ехьэлІэныгъэкІи Тбилиси щыпхигъэкІащ, и кандидат диссертацэр, нартыху лІэужьыгъуэщІэхэр къэгъэкІыным теухуар. Зэман дэкІри, 1969 гъэм, КІэрэф Майе ди республикэм щыпсэу бзылъхугъэхэм ящыщу ятІонерхуэ щащ «Биологие щІэныгъэхэм я доктор» цІэ лъапІэр.

Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Іэзэ КІэрэф Майе и къалэмыпэм къыпыкІащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ куэд. Аращ ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм япэу къыщыІэзэыгъэпэщар Генетикэмкіэ, селекцэмрэ жылэхэм елэжьыныкІэ кафедрэ щхьэхуэр. Илъэс 43-кІэ, 1973 - 2016 гъэхэм къуриубыдэу, КІэрэф Майе щытащ езым къыщІэІуиха кафедрэм и унафэщІу. ЗэфІиха щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэхэм я бжыгъэр 200-м нос.

Зэадзэпхъуэху Къамболэтрэ Майерэ къагъэхъуа нартыху, бжьыхьэсэ гуэдз, зэнтхъ лІэужьыгъуэхэр лъэпкъ щІэныгъэ-къэхутэныгъэр здынэсу фа лъагапІэ къудейкъым, атІэ мэкъумэш Іэнатіэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ Іуэхугъуэ инхэщ. Биологие, мэкъумэш щІэныгъэхэм хэлъхьэныгъэфІэхэр нобэ хуэзыщІ щІэныгъэлІхэм я нэхъыбапІэр а тІум я нэІэм щІэтущ къэхутэныгъэхэм я гъэсэгу мытынышм зэрытехьар. Ябгъэдэлъ зэхэщІыкІ лъагэм, щІэныгъэ куум я фІыгъэкІэ КІэрэфхэ Къамболэтрэ Майерэ яхуэлъхІащ КъБР-м и мызакъуэу, УФ-ми я щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэхэм халъытэныр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Артист телъыджэ Зыхьэ Заурбий

Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист, Адыгэ Республикэм и щІыхь зиІэ артист, Абхъаз, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Кубаным щІыхь зиІэ я артист Зыхьэ Заурбий и джэгукІэкІэ нэгъуэщІхэм къаэрыщІхьэщыкІыр Іупщ Іу къыхощ театрми, киноми телъыджэу щигъэзащІэ ролхэм. Апхуэдэхэм я бжыгъэр 100-м фІокІ. Артист гъуэзэджэм фокІадэм игъэлъэпІащ илъэс 70 зэрырикъуар.

ИЛЪЭС 40-м щИигъужащ Заурбий Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрым и сценэм япэу зэрыщыджэгурэ. Апхуэдэу хъуми, театр сценэм, киногъуэзджэм къыхуигъэщІауэ тІъытэ артистыр абы зэрыхуэкІуар гъэщІэгъуэныщэщ.

Сыт хуэдэ псэ къару уиІэн хуейт, гъуэзджэм сыт хуэдиз фІылъэгъуныгъэ хуэпщІауэ щытын хуейт, медицинэ институтым и ещанэ курсым укъыщІэкІыжу, театр гъуэзджэм зептыжьын щхьэкІэ?! Зыхьэр зыщІэса факультетым къыщыджэхэми, щеэзыгъэджахэми, уеблэмэ езым и унагъуэми ямыгъэщІагъуэн ялъэкІакъым щІалэм медицинэр Іэщ Іыб зэрищІар. ИтІани, Заурбий и акъылкІэ, и гупсысэкІкІэ а лъэбакъуэм хуэкІуат икІи быдзу триубыдат артист лъагъуэм ирикІуэну.

Заурбий къыиуащ театрымкІэ, музыкэмкІэ, кинематографиемкІэ Ленинград къэрал институтым драмэ гъуэзджэмкІэ и къудамэр. ИкІи, 1976 гъэм щегъэжьауэ, Цей Ибрэхьим и цІэр зезыхьэ Адыгэ республикэ театрым и актёрщ. Режиссёр цІэрыІуэхэу КІурашын Аскэр, Нэгъуей Инвер, ТхьэкІумашэ Налбий, Хьэщ Іэгъуэгу Къэсей сымэ яделэжьащ. Зыхьэр РАТИ-м и къудамэу Мейкьуапэ къалэм щыІэ Іуэхущ Іапэм и художественнэ унафэщІу щыткІэрэ, актёр ныбжьыщІэхэр гъэхьэзырыным, гъэсэным Заурбий хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІыр. 1987 гъэм щегъэжьауэ Зыхьэр СТД-м и Адыгэ Республикэ Іуэхущ Іапэм и тхьамадэщ, Урысей Федерацэм и СТД-м и секретарщ.

Зыхьэ Заурбий Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, Урысей псом цІэрыІуэ щыхъуа артистщ. Ар зыгъэщІапкъэщ театр сценэм, лъэпкъ фестивалхэм щигъэзащІа ролхэм къыпэкІуэу Заурбий щІыхьщІэхэр къызэрыхуагъэфэщар.

Актёр Іэщ Іагъэм щыхуеджа илъэсхэм Заурбий зи нэІэ щІэта адыгэ студием и егъэджакІуэхэм гулъытэ зэха къыхуащІырт, гу хуабагъэ ин хуаІэт къэкІуэну дахэ зиІэ артист ныбжьыщІэм. ЕгъэджакІуэхэм фІыуэ къагурыІуэрт Зыхьэр къызэрыкІуэ студенту зэрыщымытыр. Къэпщтэмэ, студием зыщызыгъасэхэм нэхърэ Заурбий ныбжькІэ нэхъыжьт. ИкІи, апхуэдэу зэрыщытым ипкъ иткІэ, Зыхьэр сыт щыгъуи зэщІэкъуат, нэхъыщІэхэм къащхьэщыжьынут, къуэш нэхъыжь хуэдэ ящхьэщытынут. Къишынэмыщ Іауэ, Заурбий псоми къажэщІрт зэрыщхьэпэльагэмкІэ, еджэн Іуэхум, къыхиха Іэщ Іагъэм зэрыдихьэхымкІэ. Студием къыщыджеджа-хэм ящІэж Зыхьэм папщІэ Сервантес и «Дон Кихот»-р зэрагъэувауэ щытар. Къапщтэмэ, а образымкІэ къригъэжьащ Зыхьэ Заурбий и актёр театр гъуэгуанэр.

Дауи, ущымыуэу къеббжэкІыфыну къыщІэкІынкъым Заурбий игъэзащІа ролхэм, цыхьэм гукъынэж ящыхъуа образу сценэм кърихьам я куэдагъэр. КъыжьІапхъэщ, актёрым дэтхэнэ и ролми гупсысэ куу зэрыбгъэдилъхьар, гукъинэж зэрищІар. Заурбий и теплъэ зэкІужьыр, сценэр псэкІэ зэрызыхищІэр, Тхьэм къыхилъхьа зэфІэкІкІыр - а псори сэбэп хуохъу Зыхьэм хьэл-щэн зэхуэмыдэ зыбгъэдэлъ образхэр, роль хьэлъэхэр къызэригъэщІым.

Театр сценэм и утыкум Зыхьэм щигъэлъэгъуа, цІэрыІуагъ ин хьэхуэзыха ролхэм ящыщу Чехов, Шекспир, Мольер, Гоголь, Айтматов, Володин, Лоркэ, КІэрашэ Тембот, Іутіык Борис сымэ, нэгъуэщІ тхакІуэ цІэрыІуэхэми я Іэдакъэщ Іэкі Іхэм къытращ Іыкі Іа спектаклхэм щигъэзащІа образхэр. Дэтхэнэ теплъэгъуэм дежи Заурбий къигъэльэгъуащ актёр зэфІэкІ лъагэ зэрыбгъэдэлъыр. Зыхьэм къигъэщІа драмэ, трагическэ образхэм я кууагъымрэ купщІэмрэ умыгъэщІагъуэн плъэкІырхьым. Аф-хуэдэщ, псалъэм папщІэ, «Пащтыхь Лир» и образыр. Къапщтэмэ, мы образыр зэригъэзэщІамкІэ Зыхьэм къигъэльэгъуащ и актёр Іуэху зэхэщІыкІыр творческэ лъагапІэ иным зэрынэсар. Абы щехъулІар 1990 гъэм и пэщІэдзэхэрат. Заурбий и ныбжьыр абы щыгъуэ илъэс 43-м итт.

Гу зылъытапхъэщи, дунейпсо классикэ драматургием щыщ апхуэдэ роль хьэльэхэр нэхъыбэрэ зыгъэзащІэ хабзэр, зыхуагъэфащэр Іуэху зэхэщІыкІ ин зыбгъэдэлъ, зи ныбжьыр хэкІуэта актёрхэращ. ИтІани, режиссёр ТхьэкІумашэм игъэува спектаклыр, Лир и образыр зыгъэзащІа Зыхьэр театр гъащІэм и кхъэгъуэ телъыджэ хууауэ щытащ.

НэгъуэщІ теплъэгъуэр, Натхъуэ Къадир игъэува «Медея»-м Зыхьэм щигъэзащІа ролыр куэдкІэ Лир гъунэгъуэу къыщІэкІащ. Мыбдежым Заурбий къигъэщІын хуей пасэрей адыгэпщІым и образыр, абы и хьэлщэныр, и гупсысэкІэр, щытыкІэр Зыхьэм пэгъунэгъуэ къыщІэкІащ. Абы къыхэкІыуи а образыр Заурбий екІуу, нэгъэсауэ утыку кърихьащ.

Заурбий комедие роль зыбжанэ адыгэ театрым кърихьащ. АтІэ, теплъэгъуэ дыжьэжьинхэм деж Заурбий къызэрыкІуэщ, и гушыІэм удиихьэху, зыхуэбгъадэ хъун щымыІэу Іуэху зэхэщІыкІ ин бгъэдэлъу ролхэр утыку кърехьэ. Сценэм и жанр зэхуэмыдэхэр, Іэмалхэр абы икъукІэ дахэу ящІыкІуэ зэрыщІэкІ. Апхуэдэщ Хьэщ Іэгъуэгу Къэсей игъэува «Тартюф»-м Зыхьэм щигъэзащІа ролыр.

Адыгэ драматургэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэмкі Іэ игъэува спектаклхэм Зыхьэм щигъэзащІа ролхэр нэгъуэщІщ. Мыбдежым зыхьбощІэ Заурбий къызыхэкІа лъэпкъым, цыхьэбэм бгъэдэлъ хьэл-щэным, бзэм, ІыкІуэжьыгъэкІэ гъэнщІа эпосым, Іуэрыіуатэм икъукІэ нэгъэсауэ актёрыр зэрыщыгъуазэр, абыкІи къигъэщІ образхэр зэрыригъэфІакІуэр. Псом хуэмыдэу зэфІэкІ ин къигъэльагъуэ Зыхьэр щыджэгуащ КІурашын Аскэр игъэува, Мамий Ерыстэм и Іэдакъэ къыщІэкІа, Хьэпіапі и ролыр здыщигъэзащІа «Псэлъхьуэхэр» комедием. Зыхьэм и ІыкІужьыр - ныбжь гуэрым нэса, гъащІэм фІыуэ иудиныщІа цІыхуц, аварии, унагъуэ иухуэжьну хуейщ, щхьэгъусэу щытам къыщІэрыхьфидзам папщІэ зэрыхуэзгъупым къыхэкІыу. Адыгэ пыІэр зыщхьэрыс къуажэ «уэркъыр», зауэ нэужь галифер, шырыкъу гъэцІууар зылъыгъ Зыхьэр, дауи псальхъуэ щІалэ зэкІужькъэ! Мис апхуэдэ ролыр гушыІэ ин хэлъу, гупсысэ куу кІуэцІыпІу Заурбий сценэм кърихьащ. ЖыпІэнурамэ, «Псэлъхьуэхэр» комедиер илъэс куэд хъуауэ цІыхухэм щІамыужэгъум, сыт щыгъуи еплъыну щыщІэлъэІум куэдкІэ и фІагъ хэлъщ Зыхьэм телъыджэу сценэм кърихьэ образым, спектаклым хэт нэгъуэщІ артистхэми я зэфІэкІ иным.

Я гугъу дымыщІынкІэ Іэмал зимыІэщ Зыхьэм и режиссёр лэжьыгъэхэми. АтІэ, псоми гъэщІэгъуэн ящыхъуу Зыхьэ Заурбий игъэувауэ щытащ Мурат Чапай и «Фызабзэгъэ» драмэр. Гу зылъытапхъэщи, мы спектаклыр театрым мызэ-мытІэу щагъэлъэгъуащ. Уеблэмэ езы Заурбийи роль нэхъыщхьэхэм языхэз щигъэзэщІат, жыпІэнурамэ, пьесэм кІуэцІыпІу гупсысэри пкъыкІэ эхъищІат.

Режиссёр Зыхьэр кууэ ядэлэжьащ фильмхэмкІэ, тхыльхэмкІэ зауэм къихь гуауэм щыгъуазэ, фызабэ ролыр зыгъэзэщІа актрисэ ныбжьыщІэхэм. И къару емыблэжу зытелэжьа Іуэхум Заурбий игъэгуфІащ, ехьэлІэныгъи къыпэкІуащ. Режиссёрым еплъыкІэ, бгъэдыхьэкІэ гъэщІэгъэн къигъэльэгъуауэ, спектаклыр адрей илъэсхэм ягъэувакъэм къащхьэщыкІыу утыку кърахьауэ къалъытащ.

Зыхьэ Заурбий и творческэ лъжьыгъэр театр сценэм щигъэзащІэ ролхэр закъуэхэмкІэ къэувыІэхъуам. АтІэ, кино гуэзджэм кІэлъыплъхэм фІыуэ ящІэ Зыхьэр художественнэ фильм куэдым зэрыхэтар. ПсалъэкІэ къыхуэІуэтэкъым иужьрейуэ зыхэта режиссёр Котт А. игъэува, серие куэд хъу, Лермонтов Михаил и «Белеэ» повестым къытращыкІа кинор къызэрыщыумыгъэщІагъуэн. Заурбий щигъэзэщІащ джынэзым и ролыр. Хуабжу телъыджэ щыхъуу ар топсэльыхь Петренкэ Игорь бгъэдэлъ актёр Іэзэгъым.

ЩхьэтехауэиІ и гугъу щІыпхъэщ Зыхьэр жылагъуэ Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтым. АтІэ, хэгъуэгум, республикэм щекІуэкІ щэнхабзэ, гуэдзкэм пыщІа Іуэхугъуэхэм Заурбий сыт щыгъуи я пашэщ.

Къищынэмыщ Іауэ, илъэс куэд хъуауэ Мейкьуапэ къалэм щрагъэкІуэкІ «Кавказский меловой круг» хэгъуэгупсо театр фестивалыр къызэгъэпэщыным и лъабжьэр зыгъэтІыльахэм ящыщщ.

Зыхьэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ театр щэнхабзэм зиужьыныкІэ, сценэм щыджэгу щІалэгъуалэм, гуэзджэм и ветеранхэм защІэгъэкъуэныкІэ.

Зыхьэ Заурбий хэль лІыгъэр, гъащІэр фІыуэ зэриІыгъуар игъэщыпкъэжащ абы къеХуІа зы Іуэхугъуэм. Илъэс зыбжанэкІэ узэІэбэкІыжмэ, Зыхьэр гуэугум къыщыхъуа машинэ зэжьэхуэзныгъэ хьэлъэм хэхуауэ щытащ, фэбжьышхуи игъэтат. Илъэсым щІигъукІэ Заурбий пІэхэнэу щытащ, фэбжь хьэльэхэр телъу. ИтІани, лІыгъэ зыхэлъ адыгэлІым лъэкІащ лъэ кьытеувэжьну, Тхьэм и шыкуркІэ, и гуащІэдэкІ лэжьыгъэми пэрыувжьын. АбыкІи ухабжьу щІэгъэкъуэн къыхуэхъуащ Заурбий сыт щыгъуи къыкъуэт, и лэжьэгъу, и цыхьэгъусэ Мэлэчэт.

И гуащІэдэкІ лэжьыгъэр, бгъэдэлъ артист зэфІэкІ иныр, хэку щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ и зыужьныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэр къальытэкІэрэ, УФ-м и Президентым и унафэкІэ, Зыхьэ Заурбий «ЗэныжьэгъуГъэм и орден» тыгъэ лъапІэр къыхуагъэфэщащ. Зыхьэм ехэрат дамыгъэхэр, щІыхьыщІэ лъапІэхэри къратащ.

Зи гъащІэр театр гъуэзджэм тезыухуа, адыгэу дуней псом тетыр зэригушхуэ артист телъыджэ Зыхьэ Заурбий ноби фІыщІэу илъагъу и лэжьыгъэм пыщІащ, абы и зыужьныныгъэм добакъуэ. Узынщагъэ щымыщІэу, гуфІэгъуэм хэмыкІыу и гум гупсэхугъуэ кьезыт, и насыпыр зыхилъагъуэ и лэжьыгъэм илъэс кущІэ Заурбий бгъэдэтыну ди гуапэщ!

ЩОХЪУЖЬ Лусанэ,
«Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь.
Черкесск къалэ.

● Гъуэзджэ

Сосрыкъуэ нартхэм я мафІэр къехьыж.
Сурэтыр **Пэтіащ Іа Феликс** *ищІащ.*

ЖэрдэмщІакІуэ Алэкъей Инал

● Щапхъэ

Экономикэр гъэхуауэ зэтеувэныр, щыхухэм я псэукІэр ефІэкІуэныр мэкъумэш Іэнатіэхэмрэ жылагъуэхэмрэ зэрызауэкым куэдкІэ елъытащ. Ар фІыуэ къызыгурыІуэ Іэщ Іагъэлі жыджэрхэм, жэрдэмщІакІуэхэм ящыщщ «Албир» мэкъумэш кооперативым и тхьэмадэ Алэкъей Инал. ЛэжьакІуэшхуэщ, емызэщщ, ипэкІэ плъэ унафэщІ гумызагъэщ. 2005 гъэм къызэригъэпэща предприятэр лъэ быдэкІэ уваУэ, илъэс кьэс и зэфІэкІым хегъахъуэ, къалэныщІэхэр зыхуеГъэувыж.

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и ятІонерэ Хьэту Жамболэт *(ижьыгкІэ щытщ)* **Алэкъей Инал егъэлъапІэ.**

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩІи, екъуэлІэныгъэ къызыдэкІуэр тегушхуауэ Іуэхур зыунэтІ, зыбгъэдэт Іэнатіэм и мыхьэнэр нэгъэсауэ зыхэзыщІэ, лэжьыгъэм кІэухыу иІэнумкІэ жэуаптакІуэу къэув цІыхурщ. А нэщэнэфІ псори Алэкъеймэ дальагъу. Кооперативыр Іэнатіэ куэдым йолэжь: гъавэ щІапІэу гектар миным щІигъу, къызыпыкІэ пхъэщхьэмыщхьэ хадэу гектарипщІ зэрехьэ. Джэдкъазу мин щэщІым хуэщІа джэдэщ екІу иухуащ, метр зэбгъуэнатІэ минищым помидор щегъэкІ, мазитІ къэс а хадэжкІ берычэтым хуэдэу тонн 66-м нэс къыщІечыж. МыІэрысэмрэ помидорымрэ Мэзкуу, Екатеринбург къалэхэм, Уралымрэ Сибырымрэ ирегъашэ. Предприятэм и нартыхымрэ гуэдзымрэ Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ щыналъэхэм щІэупщІэ щалэщ. Техникэ и лъэныкъуэкІэ и Іуэхур зэпэщащ. Иджырей трактору пщІым щигъу, «ЗИЛ» автомашинэу тІу, «Нью Холланд» компанием къщІигъэкІ комбайн лъэщхэм хуэдэуи апхуэдиз, адрей зыхуей мэкъумэш Іэмэпсымэхэр иригъэкІуу иІэщ. И хъумапІэм гъавэ тонн мин тІощІ щІохуэ, ар зэрагъэгъуащ Іэмэпсымэхэр гъэхуауэ мэлажьэ.

- Иджырей технологиехэр къыдогъэсэбэп, жылапхъэ хэпІыхьыхьахэр, фейдэ нэхъыбэ къэзытхэр хыдосэ. Мылъку лей текІуадэми, абыхэм хэхъуэфІ кооперативыр, зэрыщІэкІ ин зыбгъэдэлъ, зи ныбжьыщІэхэр ин хуэзыщІа хэкуЛщ. Хэку зауэшхуэм и ужь лъэхъэнэм ди щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэр щызэфІэгъэувэжыныкІэ, абыхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыха Къамболэт апхуэдэуи къызэригъэпэщауэ щытащ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэщІэхэр къэгъэкІыныкІэ Іэнатіэ щхьэхуэ.

Студент илъэсхэр щыгъу, купщІафІэу ирихьэлІащ адыгэ хъыджэбзым. Фіыуэ зэреджэм къыдэкІуэу, ар жыджэру хэтт МКъУ-м щекІуэкІ жылагъуэ, студент гъащІэми. А зэманым ирохьэлІэ Майе и ятІонерхуэныгъэ лэжьыгъэхэри. ЗэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъу къалъытэ бзылъхугъэ цІыкІур абыхэм ар трагъэгушхуэрт и егъэджакІуэхэм.

Майе 1956 гъэм щІэтІысхьащ Куржым Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и академием къепхауэ лажьэ институтым и аспирантурэм икІи 1961 гъэм игъэхьэзыращ, ехьэлІэныгъэкІи Тбилиси щыпхигъэкІащ, и кандидат диссертацэр, нартыху лІэужьыгъуэщІэхэр къэгъэкІыным теухуар. Зэман дэкІри, 1969 гъэм, КІэрэф Майе ди республикэм щыпсэу бзылъхугъэхэм ящыщу ятІонерхуэ щащ «Биологие щІэныгъэхэм я доктор» цІэ лъапІэр.

Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Іэзэ КІэрэф Майе и къалэмыпэм къыпыкІащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ куэд. Аращ ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм япэу къыщыІэзэыгъэпэщар Генетикэмкіэ, селекцэмрэ жылэхэм елэжьыныкІэ кафедрэ щхьэхуэр. Илъэс 43-кІэ, 1973 - 2016 гъэхэм къуриубыдэу, КІэрэф Майе щытащ езым къыщІэІуиха кафедрэм и унафэщІу. ЗэфІиха щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэхэм я бжыгъэр 200-м нос.

Зэадзэпхъуэху Къамболэтрэ Майерэ къагъэхъуа нартыху, бжьыхьэсэ гуэдз, зэнтхъ лІэужьыгъуэхэр лъэпкъ щІэныгъэ-къэхутэныгъэр здынэсу фа лъагапІэ къудейкъым, атІэ мэкъумэш Іэнатіэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ Іуэхугъуэ инхэщ. Биологие, мэкъумэш щІэныгъэхэм хэлъхьэныгъэфІэхэр нобэ хуэзыщІ щІэныгъэлІхэм я нэхъыбапІэр а тІум я нэІэм щІэтущ къэхутэныгъэхэм я гъэсэгу мытынышм зэрытехьар. Ябгъэдэлъ зэхэщІыкІ лъагэм, щІэныгъэ куум я фІыгъэкІэ КІэрэфхэ Къамболэтрэ Майерэ яхуэлъхІащ КъБР-м и мызакъуэу, УФ-ми я щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэхэм халъытэныр.

Ди щІыналъэм щІэтІысхьа щІэныгъэ ин хуэзыщІ щІэныгъэлІ щыпкъэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, адыгэхэм ящыщу щІэныгъэхэм я доктор цІэр япэу зыхуагъэфэща, КъБКъУ-м и ректору 1965 - 1973 гъэхэм лэжьа КІэрэф Къамболэт Наурыз и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа хэкуЛщ. Хэку зауэшхуэм и ужь лъэхъэнэм ди щІыналъэм мэкъумэш хозяйствэр щызэфІэгъэувэжыныкІэ, абыхэм ехьэлІа къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыха Къамболэт апхуэдэуи къызэригъэпэщауэ щытащ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэщІэхэр къэгъэкІыныкІэ Іэнатіэ щхьэхуэ.

Студент илъэсхэр щыгъу, купщІафІэу ирихьэлІащ адыгэ хъыджэбзым. Фіыуэ зэреджэм къыдэкІуэу, ар жыджэру хэтт МКъУ-м щекІуэкІ жылагъуэ, студент гъащІэми. А зэманым ирохьэлІэ Майе и ятІонерхуэныгъэ лэжьыгъэхэри. ЗэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъу къалъытэ бзылъхугъэ цІыкІур абыхэм ар трагъэгушхуэрт и егъэджакІуэхэм.

Майе 1956 гъэм щІэтІысхьащ Куржым Мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ и академием къепхауэ лажьэ институтым и аспирантурэм икІи 1961 гъэм игъэхьэзыращ, ехьэлІэныгъэкІи Тбилиси щыпхигъэкІащ, и кандидат диссертацэр, нартыху лІэужьыгъуэщІэхэр къэгъэкІыным теухуар. Зэман дэкІри, 1969 гъэм, КІэрэф Майе ди республикэм щыпсэу бзылъхугъэхэм ящыщу ятІонерхуэ щащ «Биологие щІэныгъэхэм я доктор» цІэ лъапІэр.

Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Іэзэ КІэрэф Майе и къалэмыпэм къыпыкІащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ куэд. Аращ ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм япэу къыщыІэзэыгъэпэщар Генетикэмкіэ, селекцэмрэ жылэхэм елэжьыныкІэ кафедрэ щхьэхуэр. Илъэс 43-кІэ, 1973

ТУМЭ Рэхьми: «Хэкум хузиІэ гурыщІэм хэщІыркъым»

Тыркум щыпсэу, Истамбыл дэт хасэм и тхьэмадэу илъэсипщІкІэ лэжьа, зи Іэщ1агъэкІэ уэчыл Тумэ Рэхьми ди хьэщІэщым къедгъэблагъэри, улщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

- РЭХЬМИ, Хэкум щІэх-щІэхыурэ уІкъыззрыкІуэжьым дыщыгъуаззщ. Гъуэгуанэ укъытехьэхуукІэ, сыт хуэдэ гупсысэ е гурыщІэ уиІэ?

- Ялэ дыдэу апхуэдэ мурад щысщІам, Хэкур зэрысЪагъуным си гур хигъахъуэу сыкъежьауэ щытащ. Абы къыкІэлъыкІуа адрей гъуэгуанэхэми зы мэскъалкІи а гурыщІэм хэмыщІауэ зэпымыууэ гъуэгу сыкъытоувэ. Седжэфу зэрыщІэздзэрэ, ди лъэпкъым и къэкІуэкІыкІам, абы и адзжь щІынальэр ибгынэн хуей щІэхъуэм сыт щыгъуи сигъэпІейтейуэ, тхьилъэр къыщІэсІукІыурэ зыщыщІэрэгъэуаззу сыкъэхъуащ. Ялэу Хэкум и Гъунапкъэм гъунэгъу сыкъыхуэхъуу, «адзкІэ Къбэрдей щІынальэщ» къыщызжаІам, абдежым сытІысри сыгъат. Ар жыпІэ къудейкІэ уи фІыщ хъунукъым, ауэ Хэку лъагъуныгъэм и мыхьэнэр нэсу щызыхэпщІэр абы пэІэщІэ ухуэхъуа иужькІэ къыщІэкІынщ.

- Тыркум и Мараш къалэм къепха Гёксун щІыпІэм хьихъэ Къаншыуей жьлэращ уэрыщІыхьуар. Хэкум щыІэ апхуэдэ къуажэм ущыІа?

- Хэкум щыІэ Джылахъэстэнэм льагъунІъагъу зэ сыкІуэфауэ араща. Тэрчыпсыр ззэгъэльэгъащ, икъукІэ хьэщІагъэшхуэ къыщызахуаэу щытащи, сщыгъупщэжыкрыкъым. Си жагъуэ зэрыхъунщи, ди лъэпкъым теухуауэ куууэ хэзыщІыкІ сриихьэлІакъым. Ауэ щыхъукІи Тумэ лъэпкъым и къежьапІэр, къекІуэкІыкІар зэрыт дэфтэрэр нэхъ ипэкІэ зэхуэхьэсауэ сиІэщ, ауэ тхьилъу къыдззгъэкІакъым зэкІэ.

- Адыгэ хабзэм, Кавказым и тхыдэм утетхыхьащ, нэгъэщІ Іуэхуэхми теухуа тхыльхэр къыдэбгъэкІащ. Сыт хуэдэ ди лъэпкъ хабзэжьхэр къыщыбгъэльэгъуа тыркубзэкІэ дуней щІынальэм къытебгъэхьа тхыльым?

- Адыгэ хабзэр дауэ къежьа? И купщІэр сыт? Унагъуэм, щыхуэм щыхьхьэкІэ къагъэсэбэп хабзэхэр сыт хуэдэ? А еплъыкІэхэмкІэ Іэхуэм сыбгъэдыхьащ. Нысашэр, жэнэзыр зэращІ щыкІэхэр, абыхэм я пэжыпІэр къэсІуэтащ. Абы къищынэмыщІауэ, адыгэм дежкІэ шым мыхьэнэшхуэ иІэу щытащ икІи абы укъыззэрепсых щІыкІэм хабзэ пыухьыкІахэр ирапхырт. Псалъэм папщІэ, зыгуэр дунейм зэрехьжам и хъыбарыр ихьу шэсамэ, шур ижьрабгъумкІэ къепсахырти, щыхьэкІуэ зэхуэзрыухуэкІуар абыкІэ къагурыІуэрт. Ахэр иджы, дауи, зыханыжащ, зэманым дэкІуэдыжащ. Ауэ апхуэдэ Іуэху, хабзэ дахэхэр тщІгъупщэ хъунукъым, щІалэгъуалэм ахэр ящІэу къэгъэхуэн хуейщ. Аращ сэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр нэхъыбэу дунейм къытехьэхукІэ щысфІэсфІыр. Апхуэдэуи нэгъабэ Тыркум щыІэ хасэхэм яхуэзгъэшащ щІэблэм хабзэр зэрызрахьэным, абы гулъытэ зэрыхуащІын хуейм теухуауэ згъэхьэзыра тхыгъэ зыхэлъ.

- Сыт хуэдэ мурадхэр уиІэ, Рэхьми, Хэкум щыбгъэкІуэну тебухуа зэманым къриубыдэу?

- Мазих, мазибл ипэкІэ сымаджэ хьэлъэ сыхъуауэ щытащ. Сыхъужьи си гугъакъым. Абы лъандэрэ мурад сщІат, зэ нэхъ мыхъуми, Хэкум сыІупльэжарэт, си ныбжьэгъухэм сахэтарэт жысІэу. Ар кьыззхъулІащ, сыщогугфІыкІ. Мэрем кІуам икъукІэ конференц щкьэпэ сыхэтащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым къызэригъэпэщащэ. Абы дыщытепсэлъыхьащ лъэпкъ зэхущытыкІэфІхэм къэралыр зэраухэр, быдэ зэращІыр. Сэ абы къыщызэхуэсахэм сащыхутепсэлъыхьащ Тумэ щыпсэу адыгэхэм я тхыдэр япэ дыдэу зытхыжа Бекъуокъу Исмэхьилрэ Эрджан Исуфрэ Кавказ Ищхъэрэм 1918-1920 гъэхэм щекІуэкІа политикэ Іуэхуэхэм ятеухуауэ ятхыжауэ щыта я гукъэкІыжхэм. Ахэр икъукІэ гъэщІэгъуэнщ ди тхыдэм дежкІэ. Зэхуэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысеим зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ зэрекІуэкІар иджыри зэ щІыхьэт тохъуэ ди блэкІар тхъумэжьи зэрыхуейм, ди ятахэм я фэеплъыр тщыгъупщэ зэрымыхъунум.

Епсэлъар

БАГЪЭТЫР Луиззщ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

ШАЛ Хъусен: «Адыгэ бэракъыр ящхьэщыту къытпежьат»

Лъэпкъым ди уэрэджыІакІуэ пэрытхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, ди къэралым и щІыпІэ куэдым концерт гуимыхужкэр щызыта, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Шал Хъусен. Ар иджыблагъэ Иорданием зэрыщыІам, и нэгу щІэкІахэм, зыкъызэрагъэлъэгъуам тхутепсэлъыхьыжьну къедгъэблэгъащ.

- ФОКІАДЭМ и 1-м щыщІэдзауэ, махуэ пщыкІуухкІэ, «Адыгэ» джэгуакІуэ гупыр си гъусэу, Иорданием дыщыхьэщІащ. Кхъухьлъатэм дыкъикІыу щІым дыщытеувам, адыгэ бэракъыр ящхьэщыту ди лъэпкъэгъуэр гупышхуэу къытпежьат. Дэ дезыгъэблэгъар «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кхъэныхахэм я клуб» фІэщыгъэр зезыхьэ зэгуэхэныгъэм и тхьэмадэ Еутых Дадийрэ техникэ щІэныгъэхэм я доктор, еджагъэшхуэ Вэрокъуэ Ибрэхьимрэщ.

- Хъусен, «Адыгэ» джэгуакІуэ гупыр нэхъ гъунэгъуу дыбгъэцІыхуамэ ди гуапэт.

- Абы хэтхэщ адыгэ лъэпкъым и мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэпкъхэм я пшыналъэхэми кууэ хэзыщІыкІхэу Налшык къалэ Сабий гъуазджэхэмкІэ дэт еджапІэ №1-м и егъэджакІуэ Сокъур Анжелэ, абы ипхъу, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм я лауреат, зэпеуэ куэдым пашэныгъэ щызыубыда, зи пшынэ гъэбзэрэбзэкІэм щІыналъэ куэдым Іэгуаеу инхэр щыхуаІэта Къардэн Данэ, бэрэбэнауэ, къэфакІуэ Іэзэ ЩІанкІэ Аслъэн, пхъэцІычауэ Аджий Къантемыр сымэ.

Пшыхьым щІыху куэд къекІуэлІат, икІи Іэгуаеу инхэмкІэ дагъэфІащ ди лъэпкъэгъуэхэм.

- Дэнэ щІыпІэхэм концерт щыфІэта, уэ бгъэззэщІа уэрэдхэр ди лъэпкъэгъуэхэм дауэ къащыхъуа?

- Дэ концертхэр щыттащ Иорданием щылажьэ «Адыгэ фІыщІэ Хасэм», КъБКъУ-р къэзыухахэу адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, хьэрыпыбзэкІэ псалъэхэм я пщІантІэ инхэм, адыгэ еджапІэхэм, нэгъуэщІ щыпІэ куэдми. Сэ згъэззэщІащ «Дахэу щыІэм я лей», «Нэхущ удж», «Адыгэ нэмыс», «Си нанэ», «Уджыр къыбогъажьэ» уэрэдхэр, нэгъуэщІхэри. Ди лъэпкъэгъуэм ди утыку итыкІэр ягу зэрырихьам и щыхьэту иджыри тедгъэззэну къыдэлъэІуащ.

- Иорданием щыфІъэгъуэхэм ящыщу сыт нэхъ уигу къинэжа? Иджыри зэ тедгъэззэжарэт, жыфІэркъэ?

- Дэ зыдгъэпсэхуну, ди нэгу зедгъэужьыну зэман хэха диАуэ жыпІэ хъунукъым. Апхуэдэу щыт пэтми, зэман тІэкІу къыщыхуэнэхэм дэж зыдгъэплъыхьащ. Иорданием и «Къалэжьыр», нэгъуэщІ куэди дагъэльэгъуащ. Бысым тхуэхуа ди лъэпкъэгъуэр хуабжьу къытхуэгумащІэт: унагъуэ-унагъуэкІэ дытрагъаШэри дагъэхьэщІащ, ерыскъы берычэт зытелъ Іэнэхэр къытхуагъэуващ. Псом хуэмыдэу ди гуапэ хуэащ Иорданием щыпсэу ди къуэшхэмра ди щыпхъуэхмрэ нэмыс Іьагэ зэрадэтпъагъуэр. Абыхэм адыгэбзэ кьабзэ зэраІурыпльм и мызакъуэу, ди адзжьхэм хъытхуагъэна хабзэ дахэри зэрахьэ, лъэпкъ тхыдэм фІыуэ щыгъуазэщ, я хэку къагъэззэжыну я гугъэщ. Илъэс къакІуи Иорданием тедгъэззэну дызэрыгагъэблэгъар хуабжьу ди гуапэ хуэащ.

ЩИХЪ Болэт.

● Тхылъыщ1э

И мыхьэнэр ехъумэ

ТыркубзэкІэ зэдзэкІауэ иджыблагъэ Анкара къыщыдэкІащ уэрэдІакІуэ, тхыдэдж Нэгумэ Шорэ и лэжьыгъэ нэхъ ину къалъытэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» тхылъыр.

АДЫГЭБЗЭМ къриху ар тыркубзэм изыгъэззэгъар теолог, егъэджакІуэ, юрист, зэдзэкІакІуэ, журналист Хъуажь Фахьрищ. Тхылъым и иджырей къыдэкІыгъуэм нэхъ ипэкІэ имыгъуса гуэдзэнхэр дэщІыгъущ. Абы хагъэхьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд и сурэт гъэтІылъыгъэхэм ящыщ куэди.

«Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» тхылъыр 70 гъэхэм Тыркум къыщыдэкІауэ щытащ, ауэ абы щыгъуэ ар хьэрыпыбзэм кьрахри тыркубзэкІэ зэрадзэкІауэ арат. ЗэрытщІэщи, тхыгъэр тэрмэщ нэхъыбэм яІэрыхьэу и мыхьэнэр, купщІэр ягъэкІуэсэнкІэ шынагъуэ щылэщ. Фахъри тхылъыр адыгэбзэм кьрихри, и мыхьэнэмрэ жыІэкІэмрэ Іэмал зэриІэкІэ ихьумэжу тыркубзэкІэ зэридзэкІащ.

Хъуажьым къыздыжиІамкІэ, мы тхылъыр абы зэригъэхьэзыррэ куэд щІат. Мин бжыгъэ хъууэ ар иджы дунейм къытехьэнымкІэ мыпхъукІэ къыдэІэпыкъащ Тыркум щыІэ Адыгэ Бзыльхутъэ Хасэм хэт, а щІыпІэм къыщІэт адыгэ Іуэху куэдым хуэжьджэр Къуаджэ Зейнэб.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Хъыбар гуапэ

Котляровхэ я ехъулІэныгъэщІэ

Москва щызэхэта «Отдых 2017» дунейпсо турист форумым ди къралым и щІыпІэхэм я гъэзэгугъэлъагъуэ, зекІуэлІ картэхэм, SMART гуэдзэн нэхъыфІхэм я зэпеуэм кьрикІуахэр щагъэнэІуащ.

ЗэпеуэМ ипкъ итхьа, нэхъыфІу къальытэхэм ящыщщ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ къыдагъэкІа «Кабардино-Балкария: 100 чудес, больших и маленьких» фІэщыгъэм щІэт тхылъыр. Ар «Гъуэгугъэлъагъуэ нэхъыфІ» Іыхьэм щытекІуаащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, Котляров зэщхьэгъусэхэм урысейпсо мыхьэнэ зиІэ зэпеуэхэм иджы еплІанэу текІуэныгъэ зэрыщыізыІэрагъэхьэр.

КъищынэмыщІауэ, фокІадэм и 22-24-хэм Мэхьчэкъалэ щекІуэкІа «Тарки-Тау-2017» 6-нэ тхылъ жарымкІэм Котляровхэ Викторрэ Мариерэ къыдагъэкІахэр щагъэпэлъащ. Дагъыстэным и Іэтащхьэ Абдулатипов Рэмэзан зэщхьэгъусэхэм къыдагъэкІа тхылъхэм ящыщу псом хуэмыдэу фІэгъэщІэгъуэну зэпилпльыхьащ «Кабардино-Балкария: 100 чудес, больших и маленьких» къыдэкІыгъуэр икІи ебланэ дакъикъэм бжыгъэр къызэІуихьи хуеящ: Каракаевым Іэзэу ЛІупір и закъуэ кІуэцІригъэкІащ, арщхьэкІэ Ислъам хэгъэрейхэм я гуэащхьэтетым ебзэджэкІыфакъым. Къэпъеижа топым псом ягъэу Пащтыр нэсащ, ауэ абыи гъэм хуигъэзэфакъым. Куэд дэмыкІыу, аргуэру зы Іэмал гъуэззджэ хэзщІэхэм яІащ. Абдежым хъарзынэу джэгуащ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуащхьэхъумэхэр.

ПащІэдзэ ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэм я насыпі къущимыкІым, «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр щыкІэм хабзэ пыухьыкІахэр ирапхырт. Псалъэм папщІэ, зыгуэр дунейм зэрехьжам и хъыбарыр ихьу шэсамэ, шур ижьрабгъумкІэ кьепсахырти, щыхьэкІуэ зэхуэзрыухуэкІуар абыкІэ кьагурыІуэрт. Ахэр иджы, дауи, зыханыжащ, зэманым дэкІуэдыжащ. Ауэ апхуэдэ Іуэху, хабзэ дахэхэр тщІгъупщэ хъунукъым, щІалэгъуалэм ахэр ящІэу къэгъэхуэн хуейщ. Аращ сэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр нэхъыбэу дунейм къытехьэхукІэ щыісфІэсфІыр. Апхуэдэуи нэгъабэ Тыркум щыІэ хасэхэм яхуэзгъэшащ щІэблэм хабзэр зэрызрахьэным, абы гулъытэ зэрыхуащІын хуейм теухуауэ згъэхьэзыра тхыгъэ зыхэлъ.

- Сыт хуэдэ мурадхэр уиІэ, Рэхьми, Хэкум щыбгъэкІуэну тебухуа зэманым къриубыдэу?

- Мазих, мазибл ипэкІэ сымаджэ хьэлъэ сыхъуауэ щытащ. Сыхъужьи си гугъакъым. Абы лъандэрэ мурад сщІат, зэ нэхъ мыхъуми, Хэкум сыІупльэжарэт, си ныбжьэгъухэм сахэтарэт жысІэу. Ар кьыззхъулІащ, сыщогугфІыкІ. Мэрем кІуам икъукІэ конференц щкьэпэ сыхэтащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым къызэригъэпэщащэ. Абы дыщытепсэлъыхьащ лъэпкъ зэхущытыкІэфІхэм къэралыр зэраухэр, быдэ зэращІыр. Сэ абы къыщызэхуэсахэм сащыхутепсэлъыхьащ Тумэ щыпсэу адыгэхэм я тхыдэр япэ дыдэу зытхыжа Бекъуокъу Исмэхьилрэ Эрджан Исуфрэ Кавказ Ищхъэрэм 1918-1920 гъэхэм щекІуэкІа политикэ Іуэхуэхэм ятеухуауэ ятхыжауэ щыта я гукъэкІыжхэм. Ахэр икъукІэ гъэщІэгъуэнщ ди тхыдэм дежкІэ. Зэхуэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысеим зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ зэрекІуэкІар иджыри зэ щІыхьэт тохъуэ ди блэкІар тхъумэжьи зэрыхуейм, ди ятахэм я фэеплъыр тщыгъупщэ зэрымыхъунум.

Епсэлъар

БАГЪЭТЫР Луиззщ.

Илъэс лэжьыгъэр яубзыху

Налшык къалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и управленэм и нэІэм щІэту лажьэ спорт школхэм мы гъэр икІыху зыдэлэжьэну сабий гупхэр кьыхах.

ШКОЛХЭР псори зэхэту 5 мэхъу. Абыхэм ящолажьэ зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ гъэсакІуэу 140-рэ. Иджыпсту щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 1-м пщІондэ ягъэбелджылынущ ДЮСШ-хэм къекІуэлІэну щыкІуэр зыхуэдизымра ахэр зыхиубыдэну секцэхэмра. Илъэс блэкІам тетщІыхьмэ, сабийхэм я бжыгъэр мини 5-м щІегъэ. КъызэралытэмкІэ, мы гъэми ахэр нэхъ мащІэнукъым.

Спорт школхэм зы илъэсми кьурибыдэу Іуэхуи 100-м нэблагъэ щрагъэкІуэкІ. Абыхэм хохьэ льэсу къэкІуэхьыным, къэжьхьыным хуэхаа махуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысеим зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъур, нэгъуэщІхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ

ЗэблэкІыгъуэ лъэхъэнэр къатохьэлъэ

● Футбол

«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Псыхуабэ. «Центральный» стадион. Жэпуэгъуэм и 7-м. ЦІыху 400 еплъащ.

Судьяхэр: Машлякевич (Мэзкуу), Егоров (Дон Іус Ростов), Харченкэ (Астрахань).

«**Мэшыкъуэ-КМВ**»: Зайцев, Мулляр, Борисов, Демидов, Джатиев (Кабулов, 90), Парсаданян (Карибов, 72), Волков (Блиадзе, 83), Гыстаров (Федосеев, 55), Фролов, Хугаев, Шевченкэ (Ваниев, 67).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Абидинов, Шахтиев, Муслуев, Абазэ (Мэшыкъуэ, 60), Миронов (Магомадов, 65), Медников (Гугуев, 63), Пащты, Каркаев (Михайленкэ, 82), Алиев, ЛІуп (Ахриев, 46).

Топыр дигъэкІащ Джатиевым, 40 (1:0).

Дагъуэ къыхуащІащ Ахриевым, Мэшыкъуэм, Магомадовым.

Джэгум къыхахуащ Ахриевыр.

ЩЭБЭТ кІуам Псыхуабэ щекІуэкІа зэІуцІэр «Спартак-Налшыкым» хуабжьу жыджэру къыщІидзащ икІи ебланэ дакъикъэм бжыгъэр къызэІуихьи хуеящ: Каракаевым Іэзэу ЛІупір и закъуэ кІуэцІригъэкІащ, арщхьэкІэ Ислъам хэгъэрейхэм я гуэащхьэтетым ебзэджэкІыфакъым. Къэпъеижа топым псом ягъэу Пащтыр нэсащ, ауэ абыи гъэм хуигъэзэфакъым. Куэд дэмыкІыу, аргуэру зы Іэмал гъуэззджэ хэзщІэхэм яІащ. Абдежым хъарзынэу джэгуащ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуащхьэхъумэхэр.

ПащІэдзэ ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэм я насыпі къущимыкІым, «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр хуэм-хуэмурэ ужьыхьыжащ. Ар зыльэгъуэ хэгъэрейхэр ипэкІэ кІуэтащ икІи еплІанэ дакъикъэм бжыгъэр къызэІуихьащ: ди гъуэщхьэхъумэхэм зэкІэлъхьэжьу топым трагъэщІэфта иужькІэ, ар псыхуабэдэсхэм я капитан Джатиевым Іэрыхьэри гъуэм дигъэхьащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькІэ, Іуэхуи ягъэзэкІуэжыну ди щІалэхэр хущІэкъуащкъым. Ар щилъагъум, «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Трубициным футболист зыбжанэ ихъуэжащ. Ди жэгуэр зэрыхъунщи, абыи къикІа щІэкъым. А псом ищІыпжкІэ, Ахриевым етІуанэу дагъуэ къыхуащІри зэІуцІэм къыхахуащ икІи кІэух дакъикъэ тІощІым налшыкдэсхэр нэхъ мащІэу джэгуащ.

Арати, 0:1-уэ къыхагъэщІауэ «Спартак-Налшыкым» къигъэззжащ. ЗэблэкІыгъуэ лъэхъэнэр ди щІалэхэм къатехьэлъэ хуэдэщ. Кьапщтэмэ, Биджиев Хьэсэнбий текІын ипэкІэ ахэр тхуэнейрэ зэкІэлъхьэжьу текІуэфакъым. ИужькІэ тренерыншІэу Дон Іус Ростов и СКА-р бжыгъэшхуэкІэ хагъэщІащ. Иджы Трубицин Сергей зэрытеувэрэ, зэІуцІэ еплІанэ хъуауэ, зыми пэлъэщыфырыкъым. Хэт ищІэн, адзкІэ Іуэхуэгъэ ефІэкІуэныгъу пІэрэ, я тренерыщІэм кьыхуигъэув кьалэнэхэр ди футболистхэм нэсу кьагурыІуэу?! Абы и жэуапыр мыгувэу къытІэрыльхьэнущ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм, икІэм-икІэжьым, ипэ очкохэр щызыІэригъэхьащ «Кубань-2»-м. Абы и стадионым «Динамо-Ставрополь»-р щыхигъэщІари, иужь дыдэ увыпІэмкІэ ехъуэжащ.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щзбэтым щызэхэта джэгугъуэм кьриКІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Кубань-2**» (Краснодар) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:0**, «**Іэфыпс**» (Іэфыпс) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **4:1**, «**Армавир**» (Армавир) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **2:0**, «**Анжи-2**» (Мэхъачкъалэ) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **4:0**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **2:1**, «**Академия**» (Дон Іус Ростов) - «**Чайка**» (Песчанокопское) - **1:1**, «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **0:3**.

КъыкІэлъыкІэ зэІуцІэр «Спартак-Налшыкым» пщдей и стадионым щригъэкІуэкІынущ. Зэхьэзэхуэм и епщыкІущанэ джэгуГъуэм ипкъ иткІэ, абы къригъэблэгъэнущ щэбэт кІуам Нэзрэн и «Ангушт»-р бжыгъэшхуэкІэ хэзыгъэщІа Мэхъачкъалэ и «Анжи-2» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «**Армавир**»	**11**	**9**	**1**	**1**	**24-5**	**28**
2. «Іэфыпс»	11	8	2	1	17-5	26
3. «Краснодар-2»	11	7	1	3	23-10	22
4. СКА	12	5	3	4	18-15	18
5. «Ангушт»	12	5	3	4	12-15	18
6. «Биолог-Новокубанск»	11	5	2	4	12-11	17
7. «Черноморец»	11	5	2	4	11-10	17
8. «Чайка»	11	4	5	2	9-8	17
9. «**Спартак-Налшык**»	**12**	**3**	**6**	**3**	**15-11**	**15**
10. «Анжи-2»	9	4	2	3	17-10	14
11. «Легион Динамо»	11	4	2	5	12-13	14
12. «Дружба»	11	4	2	4	11-16	14
13. «Академия»	11	3	4	4	10-17	13
14. «Мэшыкъуэ-КМВ»	11	3	2	6	9-12	11
15. «Спартак-Владикавказ»	11	2	3	6	10-16	9
16. «Кубань-2»	10	1	0	9	7-25	3
17. «Динамо-Ставрополь»	10	0	2	8	12-30	2

Фэеплъ зэхьэзэхуэ

Бахъсэн районым хьихьэ Къэсейхьэблэ къуажэм щекІуэкІащ мини-футболымкІэ республикэпсо зэхьэзэхуэ. Ар фэеплъ хуащІащ КъБР-м щыІэ МВД и СОБР-м и къудамэм и унафэщІ Щхьэгъуэ Мурат, 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м и къулыкъур игъэзащІэу зэкІуэдам.

МУРАТ къыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм щыщІидзэм, абы хуэщІыгъуащ футболист ныбжьыщІэхэмрэ топджэгум еплъыну къекІуэлІахэмрэ.

Бахъсэн щыналъэм и щыпІэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэм и къудзэ Іэхъуэбэч Андзор, мыпхуэдэ зэпеуэхэр кьызэгъэпэщынымрэ егъэкІуэкІынымрэ жыджэру зэрыхэтым папщІэ, Мурат и адэ Гъумар иритащ грамотэрэ фэеплъ медалрэ.

ФІыщІэ псалъэхэмкІэ спортсмен ныбжьыщІэхэмрэ районым и унафэщІхэмрэ захуигъэзащ ЩХьэгъуэ лъэпкъым и нэхъыжь Хьэсэн. «Икъуэ ди гуапэ ди щІалэм и фэеплъу мыпхуэдэ зэхьэзэхуэр кьызэрызэгъэпэщыр. Ди лъэпкъым кьылъыкъуэкІ гуауэм хуэдэ дэтхэнэ зыми фи нэгу зэи щІэмыкІыну сыфхуэхъуахъуэ».

ЗэпэщІэтыныгъэ гуащІэ щекІуэкІа зэІуцІэхэм кьызэхуэсахэр итхьэкъуауэ кІэлъыплъащ. Финал зэІуцІэм зеикъуэдэсхэр 4:1-уэ щефІэкІащ Къэсейхьэблэ къуажэм и командэм. Бахъсэн къалэ щыщхэм 6:1-уэ текІуа Тыжьей и футболистхэм ещанэ уВыпІэр зыІэрагъэхьащ. Псори зэгъэусэу фэеплъ зэхьэзэхуэм команди 8 хэтащ.

Районым Спортымкіэ и комитетым къыбгъэдэкІыу текІуэхэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ кубокэр, медалхэр, грамотэхэр ираташ, ЩХьэгъумкэ къабгъэдэкІыу фэеплъ футболкэхэр хуагуэшащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и II, III, IV зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта **Чечиев Ануар Ахъмэт и къуэм** хуогузавэ **и анэ Чечиевэ Зайнаф Ахъызыр и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыкъуэ Мариет (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.**

ЕзыгъэзэкІэмрэ

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редакторыу* **Къумахуэ Аслъэн**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Долг Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.417●Заказ №1274